## БисмиллахIиррохьманиррохьим

АллахIна хастам бу, стигланаш, латтанаш а кхоьллинчу, цахааран боданашкара нах серлоне бохуш, нийсо хьуш, хIора заманахь Шен элчанаш бахийтинчу. Делера салам-маршалла хуьлийла - тешаме а, бакълуьйш а хилла волчу Цуьнан элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна а, бакъо-харцо къастош хилла болчу цуьнан асхьабашна а, массарна а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, царах** (пайхамарех) **лаьцначу дийцаршкахь хьехам бу хьекъал долчарна».** *«Юсуф», 111.*

Лераме махкахой! Вайх хIораннан декхар ду Дала вайна тIедиллина дин довза а, ницкъ ма-кхоччу и Iамадан а. Динехь болу вайн кхетам буьззина хилийта, Дала бахкийтина пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) безар, царах тешар а, церан дахарх хаза масал эца гIортар а хьакъ ду вайна тIехь.

ХIара жайна вовшахтохаран коьрта Iалашо ю – дешархошна юккъерчу барамехь динах кхетам балар. Вайн да Адам (Делера салам хуьлийла цунна) кхолларна тIера дIа вайн элчанна Мухьаммадна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIекхаччалц Дала бахкийтина пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна), цара деана дин а, цаьрга доссийна жайнаш а, цара йина Iамал а йовзуьйтуш, Делан дуьхьа долчу ниййатца хIоттийна ду хIара жайна. Iамо атта хилийта, ницкъ ма-кхоччу дацдина яздина делахь а, тхо тешна ду, ишколашкарчу а, дешаран кхечу меттигашкарчу а хьехархоша а, дешархоша а, иштта хIара мел дешначара а хIокху жайнех пайда оьцург хиларх.

Веза-Сийлахьчу Дала динан Iилма довзар а, дезар а лойла вайна, оцу тIехь нисдала пурба а лойла вайна!

### **Адам-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Хьан Дала маликашка аьлла хан хьахае ахь: «Баккъалла а, лаьтта тIехь халиф** (белхаш дIакхоьхьуш верг) **кхолла воллу Со». Цара элира тIаккха: «Ахь кхуллу оцу тIехь бохамаш бийр берг, цIий Iенор дерг а, тхо Хьуна хастам барца тасбихь деш ма ду** (субхьáналлóхIи ва бихьамдихIи, – олуш), **Хьо цIанвеш а ма ду** (Хьоьца там боцчух)». **Цо** (Дала) **элира: «Суна хаьа шуна цахуург».** *«Аль-Бакъарат», 30.*

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Адам-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна) **кхоллале ши эзар шо хьалха кхоьллина хилла жинаш; уьш вовшийн цIий Iено дуьйладелча, Дала маликийн эскар дахийтина царна тIе, цара уьш хIордан**

**гӀайренашка** (острова) **лаьхкина».** Маликаша шаьш Деле аьлларг адамашца хьагӀ лаьцна ца аьлла, оцу жинаша санна адамаша а бохамаш барна кхоьруш, аьлла.

Массо кепара беснаш долу латта а даийтина, тайп-тайпана хишца и хьен а хьийна, Адаман (Делера салам хуьлийла цунна) куц хӀоттийна Дала. Цуьнан кхоллар кхочуш а дина, Дала цунна чу са далийча, Адама (Делера салам хуьлийла цунна) хьоршам туьйхира. Уллохь долчу маликаша цуьнга элира: **«Альхьамду лилла́хӀ** (АллахӀна хастам бу) **ала».** Адама (Делера салам хуьлийла цунна) иза аьлча, Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Рохьимака роббука** (Хьан Дала къинхетам бойла хьох)», – аьлла. ТӀаккха Дала Адаме (Делера салам хуьлийла цунна) омра дира, уллохь долчу маликашка салам ло, цара хьайна бечу лераме ладогӀа, аьлла. Адама (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга: **«Ассала́му Ӏалайкум», –** аьлла, салам делира. Маликаша цуьнгара салам схьаийцира: **«Ва Ӏалайкассала́му ва рохьматулло́хӀ»,** – аьлла. ТӀаккха Дала Адаме (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«Ахь а, хьан тӀаьхьено а вовшашна юккъехь бан беза лерам бу иза»**.

Цул тӀаьхьа Дала маликашка омра дира, Адамна (Делера салам хуьлийла цунна) лераме сужда де аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийдолчу Къуръана чохь: **«Дерриге а маликаш суждане дахара, Иблис доцург, цо куралла йира, и керсталла динчарах хилира. Цо** (Дала) **элира: «ХӀай Иблис, Ас кхоьллинчунна сужда дарх хьо духатоьхнарг хӀун ду, курадаьлла хьо я хьой лакхара хета хьуна?» Цо** (Иблисо) **элира: «Со цул** (Адамал) **дика ду. Ахьа со цӀарах кхоьллина, иза поппарх кхоьллина». Цо** (Дала) **элира: «Арадала цу** (ялсамани) **чуьра. Баккъалла а, хьо** (тӀулгаш детташ) **эккхийна ду. Баккъалла а, хьуна Сан неӀалт ду бекхаман де даллац». «Цо** (Иблисо) **элира: «Суна хан лохьа, уьш** (нах) **юхаденбийр болу де тӀекхаччалц** (къематде тӀекхаччалц хӀаллак ца деш дитахь со)**». Цо** (Дала) **элира: «Баккъалла а, хьо хьайна хан еллачарах ду, билгалйинчу хенан дийне кхаччалц». Цо** (Иблисо) **элира: «Хьан возаллех дуй буу ас, уьш берриге тилоза Ӏийр ма дац со, царах Хьан цӀена леш боцурш». Цо** (Дала) **элира: «Баккъалла а, бакъдерг олу Ас, жоьжахати юзаза Ӏийр ма вац Со хьох а, царах хьуна тӀаьхьа мел хӀоьттинчух а».** *«Сод», 73-85.*

Дала Адамна (Делера салам хуьлийла цунна) массо а хӀуманийн цӀераш хаийтира, Шен маликашна а ца хууш йолу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Дала) **Ӏамийра Адамна массо хӀуманийн цӀераш, тӀаккха гайтира уьш маликашна. Цо элира: «Аш суна йиийца хӀокху хӀуманийн цӀераш, шаьш бакълуьйш делахь. Цара** (маликаша) **элира: «Хьоьца там боцчух цӀена ву Хьо, тхо хууш ма дац Ахь тхуна хаийтинарг бен. Баккъалла а, Хьо ву-кх Хууш верг а, массо хӀума нийса деш верг а».** *«Аль-Бакъарат», 31-32.*

Адам (Делера салам хуьлийла цунна) ялсамани чохь сагатлуш лелаш хилла, оцу чохь шеца цхьа а ца хиларна. Цхьана дийнахь набарх ваьлча, шен коьртехь хиъна Iаш зуда (Хьава) карийра цунна, Дала цуьнан аьрру пIенданах ша кхоьллина йолу. Ялсамани чохь мел долу даар Дала цаьршинна хьанал дира, цхьа стом боцург. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха элира: «ХIай Адам, вехаш Iе хьо а, хьан зуда** (Хьава) **а ялсамани чохь, ашшимма даа цу чуьра шорта** (рицкъа)**, шаьшшинна луъучу меттехь, амма шуьшиъ герга ма хила хIоккху диттана, зулам динчарах хир ду шуьшиъ тIаккха».** *«Аль-Бакъарат», 35.*

Иблисо (шайтIано) Iехийра и шиъ, цо дуй биира, ша цаьршинна хьехар деш ду, аьлла. ТIаккха Дала ма баа аьлла стом биира цаьршимма, и бахьанехь ялсамани чуьра арадаьккхира и шиъ. Дала Адамна (Делера салам хуьлийла цунна) дагатесира тоба даран дешнаш, тIаккха Адама (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догIмашна, Ахь тхуна геч ца дахь, тхох къинхетам а ца бахь, баккъалла а, тхо хир ду эшначарах».** *«Аль-АIраф», 23.*

Дала цаьршиннан тоба къобалдира, лаьтта тIехь цаьршинна даха меттиг а билгалйира Цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха элира: «Оцу** (ялсамани) **чуьра охьадисса шу массо а, Соьгара нийсо шуьга кхачахь, Сан нийсонна тIаьхьабаьзначарна кхерам хир бац, я гIайгIане а хир бац уьш** (эхартахь)**».** *«Аль-Бакъарат», 38.*

Дала цунна дуьненан дахарехь оьшуш йолу говзалла Iамийра. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) эзар шарахь вехира дуьненчохь, цуьнан доьзал а хилира: 20 кIанттий, 20 йоIIий. Царах хьалхара доьзалхо Къабил вара. ХьагI лаьцна шен ваша ХIабил вийра цо. Адам-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна), цуьнан доьзало а еш йолу Iамал – Дела цхьаъвеш, Далла гергавуьгуш йолу (гIурба дер) Iамал яра. Къабил ялта кхиош вара, ткъа ХIабил жа кхобуш вара. ХIабила, Далла герга хуьлуш, гIурба дийра, шен жа юкъара уггар гIоли болу уьстагI хаьржина, ткъа Къабила шен ялтанах уггар а ледарниг гIурбанна хаьржира. ЦIена ниййат долчу ХIабилан гIурба Дала къобалдира, сутара волчу Къабилан гIурба къобал ца деш дитира. И бахьанехь Къабила хьагI а лаьцна, шен ваша ХIабил вийра. Дала Адаман (Делера салам хуьлийла цунна) дог хьостуш, беркате доьзалхо велира цунна, Шис цIе йолуш. Дала цунах пайхамар вира, цуьнга 50 жайна а доссийра. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа нахана тIехь нийсонца куьйгалла дира цо. Цара ян еза Iамал билгалйира цо царна, заманан хьесап дар а (де-буьйса дагардар) Iамийра.

## ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Ша цхьа хIума дале хьалха, сийдолчарах дагавалар дика хилар.
2. **СубхьáналлóхIи ва бихьамдихIи** – деза тасбихь хилар, Дала Шен маликашна хаьржина долу.
3. Хьоршам тоьхначо **«Альхьамду лиллáхI** (АллахIна хастам бу)**»** алар, иза хезначо **«ЙархьамукаллóхI** (Дала къинхетам бойла хьох)**»** алар, – бусалба нехан декхар хилар.
4. Бусалба нахана юккъехь болу лерам **«Ассаля́му Iалайкум»**, – аьлла, салам даларца хилар.
5. Салам схьаоьцуш верг **«Ва Iалайкумус-саля́му ва рохьматуллóхI»**, – аьлла соввалар – мела хиларехь деза хилар.
6. Дала адамаш даздина хилар - вайн да Адам (Делера салам хуьлийла цунна) Ша кхолларца, маликашка цунна сужда дайтарца а.
7. Адамийн уггар а воккха мостагI – Иблис (шайтIа) хилар.
8. Куралла – Далла ца езна амал хилар, и бахьанехь Иблис (шайтIа) Дала Шен къинхетамах генадаьккхина хилар а.
9. Шегара къа даьллачо, дохко а ваьлла, Деле шена гечдар доьхуш тоба дича, Дала цунна гечдеш хилар.
10. Iамал къобал хиларан коьрта бехкам – цIена ниййат долуш, Делан дуьхьа и ян езаш хилар.
11. ХьагI лацар – адам тилош, иза зулам дарна тIедуьгуш некъ хилар.

## **Идрис-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь боху: **«Ахь хьахаве жайнахь Идрис, баккъалла а, иза вара бакълуьйш верг а, пайхамар а. Оха иза хьалаваьккхира лакхарчу меттиге».** *«Марьям», 56-57.*

Идрис (Делера салам хуьлийла цунна) дуьнен чу ваьлла, Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дийна а волуш. Жима волуш дуьйна Iибадат деш, дикчу нахаца охьахуьйшуш, цаьрца цхьана хан йоккхуш а хилла иза. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дийна а волуш 308 шарахь ваьхна Идрис (Делера салам хуьлийла цунна). Шен куьйга доккхучу рицкъанах хене волуш хилла иза. Дала цунна хIума тегаран говзалла елла хилла. Уггар хьалха бедарш тегнарг, уьш тIеюьйхинарг а Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) ву. Цул хьалха бежнийн а, уьстагIийн цIоканаш лелош хилла адамаша. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), цул тIаьхьа цуьнан кIант Шис а (Делера салам хуьлийла цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа, Дала Идрисах (Делера салам хуьлийла цунна)

пайхамар вира. Дуьнен чохь уггар хьалха къоламца йоза яздинарг, нахана яздан Іамийнарг а Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) ву. Цул совнах, терза озар а, хІума юстар а, седарчийн Іилма а Идрис-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) гучудаьккхина. Шис-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) шариІатца хьукма а деш вехаш хилла иза а, цуьнан къам а. Веза-Сийлахьчу Дала цуьнга 30 жайна доссийна. Къабилан тІаьхье жІарашна Ібадат деш а, бехк боцчу нехан цІий Іенорца льтта тІехь зулам даржош а хилла. Адамашна юккъехь бохамаш бар алсамдаьлча, Идриса (Делера салам хуьлийла цунна), Делан пурбанца, кхидолу хьукманаш (законаш) юкъадаьхна. Доккха эскар, тІеман гІирс а кечбина, Къабилан тІаьхьенах болчу нахана дуьхьал гІазотан тІом кхайкхийра цо. Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дІакхелхинчул тІаьхьа Дала кхин пайхамар ца вохуьйтуш, еххачу заманахь дехира адамаш. Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) кхалхаран хьокъехь тайп-тайпанара дийцарш даьхкина. Цхьаболчу Іеламнаха: **«Оха иза хьалаваьккхира лакхарчу меттиге»,** – бохуш долчу Делан дешан маьІна дина: **«ЙоьалгІачу стигала хьалаваьккхина иза, тІаккха саоьцучу малико саэцна цуьнан»,** - аьлла. Хьасан Аль-Басрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дала ялсамани чу вахийтина иза»**. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дІакхелхинчул тІаьхьа кхин 1000 шарахь Дела цхьаъвараран Ібадатах ца хедаш схьадеара адам. Бакъду, де дийне мел долу зуламаш совдуьйлуш льттира царна юккъехь, Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга ваийтталц.

### ХІокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) волчу заманахь вехаш хилар бахьанехь, Идриса (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнгара хьекъал а, говзалла а Іамийна хилар.
2. Жималлехь дуьйна Ібадат деш, дикчу нахаца охьахуьйшуш, цаьрца цхьана хан йоккхуш а иза хьалакхиъна хилар.
3. Шен куьйга даьккхина хьанал рицкъа дууш иза ваьхна хилар.
4. Уггар хьалха йоза яздинарг, цул тІаьхьа и дІахьехнарг Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) хилар.
5. Веза-Сийлахьчу Дала Идрис-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) 30 жайна доссорца, иза дийна а волуш ялсамани чу вахийтарца а цуьнан лерам бина хилар.
6. Терза озар а, хІума юстар а, седарчийн Іилма а Идрис-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) гучудаьккхина хилар.

7. Дала хьарам дина хIуманаш лелош болчарна дуьхьал уггар хьалха тIом кхайкхийнарг, тIеман гIирс кечбинарг а Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) хилар.
8. Цуьнан пайхамараллин коьрта Iалашо – цо адамаш Дела цхьаъваран дине кхойкхуш хилар.

**Нухь-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Адам-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа масийтта бIешо даьлча дуьнен чу ваьлла Нухь (Делера салам хуьлийла цунна). Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адамна, Нухьана а юккъе итт бIешо сов хан йоьлла, оцу ерриг а заманахь Дела цхьаъвар долуш».** *Хьаким.* Дала иза пайхамар вина халкъе вахийтина, нах жIарашна, цIуйшна (идолшна) а Iибадат деш тилабелла, керсталла дан буьйлабелча. Дала халкъах къинхетам беш, лаьтта тIехь уггар а хьалха дин кхайкхадан вахийтина элча ву иза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Нухь шен къоме** (элча вина) **вахийтира Оха. Цо элира: «ХIай сан къам, АллахIна Iибадат дейша, Иза воцург кхин Дела ма вац шуна. Со кхоьру, шуна доккхачу дийнан** (къематдийнан) **Iазап хиларна».** *«Аль-АIраф», 59.*

Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) эзар шарал дукха ваьхна дуьнен чохь, цуьнан виъ кIант хилла: Хьам, Сам, Яфис, КанIан а. Шен къам Дела цхьаъваре кхайкхира цо 950 шарахь, амма божарех, зударех а 80 адамо бен ийман ца диллира цуьнга. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Нухье хаам бира, хьан къомах цхьаммо ийман дуьллур ма дац, хIинцале ийман диллинчара бен, хьо гIайгIане ма хила цаьргара дуьйлуш дерг бахьанехь, аьлла».** *«ХIуд», 36.*

ТIаккха цо Деле доIа дира шена гIодар доьхуш. Дала цуьнга омра дира, хIордкема де аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь хIордкема де Тхан тергамца, Оха хьайна хаийтарца а. Зулам динарш Соьга ма хьехабелахь** (уьш кIелхьарбахар доьхуш)**, баккъалла а, уьш хина буха бохуьйтур болуш бу».** *«ХIуд», 37.*

Нухь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) кема дира, Дала шена хаийтинчу кепара, адамашна, акхарошна а, олхазаршна а шен-шен меттиг йолуш. Дала цуьнга омра дира, хIора дийнатах шишша хIума (боьрша, сте а), шен доьзал а, ийман диллинарш а оцу кеманна тIе хьалабаха, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Нухь-пайхамара) **элира: «Оцунна** (кемана) **тIеховша шу, АллахIан цIарца ду цуьнан лелар, сацар а. Баккъалла а, сан Дела гечдеш верг, къинхетам беш верг а ву».** *«ХIуд», 41.*

Стиглара дуккха догIа деана, лаьттах шортта хи хьала а даьлла, керманна тIехь хилла доцу дерриг а халкъ хина бухадахара. Ялх баттахь хина тIехула лийлира Нухь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) кема. Цул тIаьхьа Дала стиглара догIа, лаьттах хьаладолу хи а сацийра. Нухь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) кема Жудий олучу лома тIехь сецира, Iашураъ шех олуш долчу мухьаррам беттан уьтталгIачу дийнахь. Дала цуьнга омра дира, Ша цунна хIордкема муьтIахь дарна, Ша иза зулам дечу къоман вуонах хьалхаваккхарна а Шена хастам бе аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьо а, хьоьца верг а кеманна тIехь дIанисвелча, ахь ала: «Хастам бу АллахIна, зуламечу къомах тхо хьалхадаьхна Волчу». Ахь ала: «ХIай сан Дела, беркатечу меттигехь воссавехьа со, Хьо ву-кх уггар дика воссош верг».** *«Аль-Муъминун», 28-29.*

Дала цуьнга хIокху кепара доIа де аьлла омра дира, долош долу хIума дика а, беркате а, тIаьхье хастаме йолуш а хилийтархьама. ХIордкеманна тIехь хиллачарах цхьаннен а доьзал ца хилира, Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) воцчун. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха дира цуьнан зуьрет** (тIаьхье) **бухадуьсург».** *«Ас-Соффат», 77.*

Лаьтта букъа тIехь дехаш долу дерриг а адамаш Нухь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) тIаьхьенах ду, Сам, Хьам, Яфис а цIераш йолчу цуьнан кхаа кIантах даьржина. Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), Далла шукра деш, дика лай хилла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, иза** (Нухь-пайхамар) **вара даима а Далла шукра деш».** *«Аль-Исраъ», 3.*

Далла марханаш кхобуш хилла иза ерриг а заманахь (Iийда денош доцчу хенахь). Шен валар гергадеъча, Нухь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) весет дира шен кIанте Саме: **«Ас весет до хьоьга, ши хIума леладе, шина хIуманах ларло, аьлла: ла́ ила́хIа иллалло́хI ала ахь, ворхI стигла, ворхI латта а цхьана кеда диллина, ла́ ила́хIа иллалло́хI вукха кеда диллича, ла́ ила́хIа иллалло́хI деза хир дара; субхьа́налло́хIи ва бихьамдихIи ала ахь, баккъалла а, оцу дешнашца массо хIумано тасбихь деш ду, цаьрца халкъана рицкъа луш ду. Ши хIума доьхку ас хьуна: Делаца накъост лацар, куралла яр а».**

ХIордтIебалар дIадаьллачул тIаьхьа, Нухь (Делера салам хуьлийла цунна) 350 шарахь вехира. Цхьаболчу Iеламнаха цуьнан каш Маккахь ду, цхьаболчара – Ливанехь, Шис-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) кошана гена доцуш ду, аьлла.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Дела цхьаъваре нах кхойкхуш, лаьтта тӀехь уггар хьалха ваийтина элча – Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) хилар.
2. Адамаш Ӏеса девлча, Дала царна тӀе Ӏазап доссош хилар.
3. Шена муьтӀахь болу нах Дала кӀелхьарбохуш хилар.
4. Ша цхьана хӀуманна тӀе хууш, Делан цӀе яккхар, тӀехиъна ваьлча – Далла хастам бар, диканиг доьхуш Деле доӀа дар а суннат хилар.
5. Мухьаррам беттан уьтталгӀа де (шех Ӏашураъ олуш долу) деза де хилар. Бусалба шеран хьалхара бутт бу мухьаррам.
6. Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Далла шукра деш, Делан дика лай хилар.
7. Марханаш дукха кхабар – пайхамарийн (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) гӀиллакх хилар.
8. Ша дӀакхалха гергавахча, дас шен доьзале весет дан дезаш хилар.
9. **Ла́ ила́хӀа иллалло́хӀ** – уггар деза зуькар (Дела хьехавар) хилар.
10. **Субхьа́нallо́хӀи ва бихьамдихӀи** – Дала мел кхоьллинчу халкъо деш долу тасбихь хилар.
11. Делаца накъост лацар а, куралла яр а – Далла цадезачу даккхийчу къинойх ши къа хилар.

**ХӀуд-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Нухь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) Сам цӀе йолчу кӀентан тӀаьхьенах ву ХӀуд (Делера салам хуьлийла цунна). Иза Ӏарбийн къомах долчу Ӏад, иштта ирам а шех олучу тайпанах хилла. Йемен махкахь гӀамарийн лаьмнашкахь дехаш хилла ХӀуд-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къам. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ӏад цӀе йолчу къоман ваша** (ХӀуд) **хьахаве ахь. Цо шен къомана кхерам тесира Ахькъафехь** (гӀамаран арахь)**».** *«Аль-Ахькъаф», 21.*

ГӀишлош ярехь говза нах хилла уьш, делахь а царах дукхахберш четарш чохь бехаш хилла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьуна ца хаьа** (хӀай Мухьаммад), **хьан Дала хӀун дина Ӏад къомах, ирама тайпанах болчу, бӀогӀамийн дай** (андий лекха догӀмаш долуш) **хилла болчу?!»** *«Аль-Фажр», 6-7.*

Церан четаршна кӀел хӀиттийна лекха бӀогӀамаш хилла, цундела царах бӀогӀамийн дай, аьлла. ХӀуд-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Ӏарби хилла, цуьнан къомо буьйцуш берг Ӏарбийн мотт хилла. Ибн Хьиббана далийначу хьадисехь ду, Абу Зарре (Дела реза хуьлийла цунна) пайхамарш буьйцуш, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла:

**«Царах виъ пайхамар Іарбийн къомах хилла: ХІуд, Солихь, ШуІайб, хьан Пайхамар** (со) **а, хІай Абу Зарр».**

Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дІакхелхинчул тІаьхьа а Дела цхьаъварна тІехь Іибадат деш схьабаьхкира нах, Іад къоман зама тІеяллац. ШайтІано нийсачу новкъа тІера дІабехира уьш, цо царна хаздира цІуйшна (идолшна) гІуллакх дар. Шайн куьйга тІулгех а, деших а, детих а, цІестанах а жІараш йина, царна Іибадат деш хилла цара. ТІаккха Дала цаьрга ХІуд-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) вахийтира, уьш Дела цхьаъваран дине кхойкхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Іад цІе йолчу къоме церан ваша ХІуд вахийтира Оха. Цо элира: «ХІай сан къам! АллахІна Іибадат дейша, Иза воцург, кхин Дела ма вац шуна. Шу** (Делах) **ца кхоьру?»** *«Аль-АІраф», 65.*

ХІуд-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) АллахІна Іибадат де, Цуьнга шайна гечдар деха аьлла омра дича, цара иза къобал ца дира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цуьнан къомах керсталла динчара элира: «Баккъалла а, тхуна хьо го кхетам кІеззиг болуш».** *«Аль-АІраф», 66.*

Шаьш цкъа а лийр бац моьттуш, яккхий гІаланаш йогІа буьйлабелира уьш. Новкъахь дІасалелаш болчу нахана зуламаш дар совдаьккхира цара. ТІаккха ХІуд-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) царна дагардира Дала царна делла ниІматаш. Цо цаьрга элира: **«АллахІах кхера шу, суна муьтІахь а хила. Оцу Делах кхера шу, Ша шуна хууш дерг шортта делла Волчу. Цо шуна дуккха даьхни, кІентий, бошмаш, шовданаш а делла. Доккхачу дийнан Іазап шуна хиларна кхоьру со».** *«Аш-ШуІараъ», 131-135.*

Шайна бинчу хьехаме ла ца дугІуш, шайгахь болчу ницкъах Іеха а белла, куралла йира цара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ткъа Іад цІе йолчу къомах болу нах, бакъо а йоцуш, курабевлира латта тІехь, цара элира: «Мила ву тхол чІогІа ницкъ берг?» Царна ца хаьа те, уьш кхоьллина волу АллахІ царал чІогІа ницкъ болуш хилар. Уьш хилира Тхан аяташна инкарло еш».** *«Фуссылат», 15.*

ТІаккха ХІуд-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) доІа дира, Деле шена гІо дар доьхуш. Уьш Іеса бовларна бекхам беш Дала царна догІа сацийра. Йокъа хІоьттина, церан стоьмийн дитташ, ялташ а дакъаделира. Стиглахь мархаш гучуевлча, шайна догІа доьлху моьттуш, хазахийтира царна. Амма иза Дала царна доуьйтуш Іазап дара. ВорхІ буьйсанна, бархІ дийнахь а чІогІа мох хьаькхира царна, церан хІусамаш йохош, дитташ бухдохуш. ХІуд-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) а, цуьнга ийман диллинарш а Дала Іазапах кІелхьарбехира. Цул тІаьхьа оцу махкахь шен цІе Хьадрамовт (Валар кхаьчнарг) йолчу меттехь бехаш Іийра ийман диллинарш.

ХIуд-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), дIакхелхинчул тIаьхьа, цигахь дIавоьллира цара.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. ХIуд-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Дела цхьаъваран дине нах кхойкхуш Дала вахийтина элча хилар.
2. Дала цхьана а къомана Iазап луш цахилар, уьш кхето цаьрга элча вахийтинчул тIаьхьа а бен.
3. Дала шайна деллачу ниIматашна адамаша шукра ца дича, Дала Ша делла диканаш цаьргара дIадохуш хилар.
4. Массо а заманахь нах дакъазбовлар – цара куралла яр бахьанехь хилар.
5. Адамаш Iесадевлча, Дала стиглара догIа сацош, йокъа хIоттош хилар.
6. Ийман диллина болу нах Дала Iазапах хьалхабохуш хилар.

**Солихь-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Солихь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Самуд цIе йолчу къоме вахийтира Дала, цIуйшна Iибадат деш иза Iесадаьллачу хенахь. Хьиджаз махкана а, Табукна а юккъехь йолчу Хьиджр цIе йолчу меттехь дехаш хилла и къам. Солихь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) шен къам Дела цхьаъваре кхайкхира, цIуйшна Iибадат дар нийса цахилар билгал а деш. КIеззиг болчара бакъвира иза, амма дукхахберш дуьхьалбевлира цунна, шайн аьтто баьлча иза вуьйр а волуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Самуд цIе йолчу къоме церан ваша Солихь вахийтира Оха. Цо элира: «ХIай сан къам! АллахIна Iибадат дейша, Иза воцург, кхин Дела ма вац шуна».** *«Аль-АIраф», 73.*

Дала Солихь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къомах болчу нахана боккха ницкъ белла хилла. Лаьмнаш цеста а цоьстуш, яккхий гIишлош еш хилла цара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш дагадаийта, Iад цIе йолчу къоман тIаьхьенах Цо** (Дала) **шу дина хилар, лаьтта тIехь Цо шу даха ховшийна хилар а, цуьнан нийсачу меттигехь аш гIаланаш еш, лаьмнех, цоьстуш, аш хIусамаш а еш. Делан ниIматаш дагадаийта аш, лаьтта тIехь бохамаш беш ма лела шу».** *«Аль-АIраф», 74.*

Цхьана дийнахь нах гулбеллачу меттехь Солихь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) уьш Дела цхьаъвеш Iибадат даре кхайкхира. ТIаккха цара цунах ца бешаш, элира: **«Ахь тхуна хIокху тIулгах яхка гергаяхна йолу эмкал ялийтахь, оха бакъвийр ву хьо».** Цхьаболчу наха иза цIечу басахь, вукхара – тIаргIа луьста болуш, бисинчара – доккха дегI долуш хила

еза, гIу чохь мел долу хи цхьана дийнахь молуш а йолуш аьлла. Солихь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга чIагIо яйтира, цара доьхург ша кхочушдахь АллахIна Iибадат дар тIелоцуьйтуш. ТIаккха Деле доIа дира цо. Веза-Сийлахьчу Дала тIулге шина декъе бекъало аьлла, омра дира, оцу юккъера яхка гергаяхна йолу эмкал схьаелира, цара хьехийна куьцаш шеца долуш. И доккха Iаламат шайн бIаьргашна гича, царах дуккха а наха ийман диллира, амма алссам берш керсталла дарехь, тиларехь, хьагI лацарехь а чIагIбелира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха эмкал йохуьйтур ю царна, уьш зуьйш, цаьрга хьажа хьо** (хIай Солихь)**, собаре а хила хьо. Ахьа дIахаийта цаьрга, баккъалла а, хи декъна хилар царна юккъехь: хIоранна шен-шен малар хир ду** (шен рожехь)**».** *«Аль-Къомар», 28.*

Цхьана дийнахь гIу чуьра хи наха молуш, вукху дийнахь эмкало а, цуьнан кIорнино а молуш, дуккха а хан дIаелира. Керсталла динчеран коьрта нах кхерабелира, шайна тIаьхьахIиттинчу наха Солихь-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) ийман диллархь. Вовшашца дага а бевлла, эмкална урс хьакха барт бира цара. Шайна юкъара уггар а Iеса стаг, шен цIе Къудар йолуш волу, вахийтира цара эмкал ен. Уьш бехачу шахьарахь исс стаг хилла, нахана бохамаш беш лелаш. Къудара цаьрга шена эмкал юьйш накъосталла де элира, уьш реза а хилира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оцу шахьарахь исс стаг вара, лаьтта тIехь бохамаш беш, диканиг ца деш».** *«Ан-Намль», 48.*

Оцу наха гIо а деш, Къудара эмкална урс хьаькхира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара эмкална урс хьаькхира, шайн Делан омра а дохийра. Цара элира: «ХIай Солихь, айхьа тхуна чIагIо йинарг схьадаийта, нагахь хьо элча велахь».** *«Аль-АIраф», 77.*

Солихь-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) царна дIахаийтира, кхо де даьлча цаьрга Делера Iазап дуссур долуш хилар. ТIаккха оцу исс стага шайна юкъахь барт бира, буьйсана Солихь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) а, цуьнан доьзал а бийна дIабаккха беза, аьлла. Бакъду, Дала царна тIе тIулгаш делхийтира, и исс стаг хIаллаквира. Оцу буса Делан омранца Солихь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), шен доьзал а, шега ийман диллинарш а эцна, юьртах велира. Иза еарийн буьйса хилла. Iуьйранна шаьш самадевлча, шайн яххьаш мажъелла карийра юьртахь бисинчарна. ШIераскан дийнахь церан яххьаш цIийелира, шоьта дийнахь – Iаржъелира. КIирандийнахь, стиглара ткъес а детташ, чIогIа мохк бегийра царна, тIаккха чIогIачу мохьтохаро горъэгийра уьш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Зуламдинарш мохьтохаро дIалецира, шайн хIусамашкахь бертал эгна** (белла) **Iуьйренга бевлира уьш».** *«ХIуд», 67.*

Иштта хIаллакьхилира Самуд цIе йолу къам, Делан омра цара кхочуш цадар а, Дала шайга ваийтина пайхамар Солихь (Делера салам хуьлийла цунна) цара харцвар а бахьанехь. Цул тIаьхьа Солихь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) а, цуьнга ийман диллинарш а Палестинехь йолчу Рамль шахьаре дIабахара. ДIакхелхинчул тIаьхьа цигахь дIаволлар а хилира Солихь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна). Вайн Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Табуке гIазотан тIаме воьдуш Солихь-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къам даьхначу шахьара уллохула ваьлла, дIавахара. Цо шен асхьабашка омра а деш, элира: **«Дала Iазап деллачу шахьара чу ма гIолаш, шаьш делха а доьлхуш бен».** Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен асхьабаша цигахь йолчу гIу чуьра эцна хи дIаIанадайтира, цуьнца кечйина йолу яахIума а дIакхоссийтира. Къуръана чохь 26 меттехь хьахийна ду Самуд цIе йолчу къомах лаьцнарг, Делах тешаш болчарна цунах хьехам, тергам а хилийтархьама.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. Солихь-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Дела цхьаъваран дине халкъ кхойкхуш ваийтина элча хилар.
2. Iесаллехь чIагIвелларг шена мел доккха Iаламат гайтича а, иймане вогIуш цахилар.
3. Самуд цIе йолчу къомана боккха ницкъ баларца, говзалла Iаморца а Дала дика дина хилар.
4. Дала ваийтина пайхамар харцвинчунна болу бекхам – сийсаза долу Iазап хилар.
5. Шайга ваийтина пайхамар верна тIехь наха мел чIогIа мекарлонаш лелорх, Дала церан мекарлонаш йохош хилар.
6. Зуламхошна гIо деш берш а, цаьрга зулам ма де аьлла дуьхьало еш боцурш а – Далла гергахь цхьатерра бехке хилар.
7. Дала Iазап доссийначу меттиге кхаьчнарг, Делан ницкъ боккха хилар шена дага а даийтина, велха везаш хилар.

**ИбрахIим-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дуьнен чу ваьлла Иракехь, Бабил (Вавилон) олучу шахьарахь. Цуьнан ши ваша хилла: Наур, ХIаран цIераш йолуш. Солихь-пайхамарал (Делера салам хуьлийла цунна)

тӀаьхьа цхьана заманчохь АллахӀна Ӏибадат деш схьабаьхкира нах. Цул тӀаьхьа шайтӀано шайна дагатуьйсург схьа а лаьцна, седарчашна, цӀуйшна а Ӏибадат дан буьйлабелира уьш. Веза-Сийлахьчу Дала нийса некъ гайтира ИбрахӀимна (Делера салам хуьлийла цунна), халкъ нийсачу дине кхойкхуш элча а вира цунах. Къуръана чохь ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна) 73 меттехь хьахийна Дала. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха** (Муса, ХӀарун вале хьалха) **белира ИбрахӀимна нийса некъ, Тхо и вевзаш а дара».** *«Аль-Анбияъ», 51.*

Уггар хьалха ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) шен да Азар ийман дилларе кхайкхина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь хьахаве жайни чохь ИбрахӀим. Баккъалла а, иза хилла бакълуьйш верг а, пайхамар а. Цо шен дега аьлла хан хьахае: «ХӀай сан воккха да, ахь Ӏибадат хӀунда до шена хӀумма хезаш йоцчу, шена гуш йоцчу, ша хьо цхьана а хӀуманах кӀелхьарвоккхуш йоцчу хӀуманна?»** *«Марьям», 41-42.*

ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) гӀиллакхца дехар дира шен дега. Цо юха а элира: **«ХӀай сан да, шайтӀанна Ӏибадат ма дехьа. Баккъалла а, шайтӀа Къинхетамечу Далла Ӏеса хилла».** *«Марьям», 44.* Цул тӀаьхьа ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) шен дега само йойтуш, Дала шена делла Ӏилма, нийсо а хьахийра; цо элира: **«ХӀай сан да, соьга деъна Ӏилманах хьоьга ца деънарг, суна тӀаьхьахӀотта – ас нисвийр ву хьо нийсачу новкъа».** *«Марьям», 43.*

Цуьнан дас къобал ца бира ИбрахӀиман (Делера салам хуьлийла цунна) хьехам, ша Ӏад ца витахь, цунна тӀулгаш тухур бу аьлла, чӀагӀо йира цо. Оцу хенахь ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна) жима вара, шен 16 шо бен доцуш. ТӀаккха ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) чӀагӀо йира, церан цӀуйш кег ца еш ютур яц ша, аьлла. ХӀора шарахь даздеш Ӏийдан де хилла церан, цӀуйшна хьалха даарш охьадохкий, юьртан йистерчу майданахь гуллуш. Уьш Ӏийдане баханчул тӀаьхьа, ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна), диг детташ, кегйира церан цӀуйш, йоккханиг йоцург; шен диг цунна тӀеоьллира цо. Ӏийданера шаьш цӀабирзича, царна карийра шаьш Ӏибадат деш йолу цӀуйш кегйина. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара элира: «ХӀара динарг мила ву вайн деланашна? Баккъалла а, и зулам динчарах ву-кх!»** *«Аль-Анбияъ», 59.*

ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) ша цӀуйш кегйийр ю, аьлла, чӀагӀо еш хезна хилла цхьаболчарна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара элира: «Тхуна хезира цхьа кӀант, уьш** (вай делий) **хьехош** (царна луьйш)**, шех ИбрахӀим олуш волу».** *«Аль-Анбияъ», 60.*

Церан коьрта болчу наха, ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна) нахана а гуш схьавалаве элира, цаьрга тоьшалла дайтархьама. Веза-

Сийлахьчу Дала боху: **«Цара элира: «Ахь биний хӀара болх тхан деланашна тӀехь, хӀай ИбрахӀим?»** *«Аль-Анбияъ», 62.*

ТӀаккха ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) жоп делира, шуна ца го йоккхачу жӀарах оьллина долу диг, цуьнга хаттийша, цо дина хир ду-кх иза аьлла. Шаьш муха хоттур ду цаьрга, уьш йистхуьлуш ца хилча, элира цара. ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга элира: **«Аш Ӏибадат до тӀаккха АллахӀ а витина, шайна хӀумманца а пайда ца бечунна, зен ца дечунна».** *«Аль-Анбияъ», 66.*

Шаьш гӀорасиз а хилла, ала хӀумма доцуш бисча, йоккха цӀе а латийна, ваго веза иза, элира цара. Ша цӀерга кхуссучу хенахь, ИбрахӀим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«Хьасбуналло́хӀу ва ниӀмаль-ваки́л** (АллахӀ тхуна кхачаме ву, ма дика гӀо деш верг ву Иза)**».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха элира: «ХӀай цӀе! Хьо хилалахь ИбрахӀимна шийла а, маьрша а».** *«Аль-Анбияъ», 69.*

ЦӀе дӀаяйча, ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна) баьццарчу бай тӀехь хиъна Ӏаш гира нахана, цунна тӀера цхьа а бедар ягийна йоцуш. Цуьнан дас Азара, шен кӀант оцу хьолехь гича, элира: **«Ма къинхетаме ву хьан Дела, хӀай ИбрахӀим»**. Оццул доккха Ӏаламат шайн бӀаьрга дайча а, наха ийман ца диллира. ИбрахӀиман (Делера салам хуьлийла цунна) вешин кӀанта ЛутӀа бакъвира иза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза** (ИбрахӀим) **бакъвира ЛутӀа».** *«Аль-Ӏанкабут», 26.* ТӀаьхьо ИбрахӀиман (Делера салам хуьлийла цунна) зудчо Сарата ийман диллира.

Оцу заманахь хиллачу Намруд цӀе йолчу паччахьа шена тӀе кхайкхира ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна), иза цӀерга кхоьссича а ваьгна вац, аьлла, шега хабар кхаьчча. Ша Дела ву бохуш харц дов деш паччахь хилла иза, бехк боцчу нахана тӀехь къизалла латтош. ИбрахӀим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Дела цхьаъвараН дине ша кхайкхича, мила ву хьан Дела, аьлла, ца вешаш хаьттира цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ИбрахӀима цуьнга** (Намруде) **элира: «Сан Дела ву Ша дендеш а, долуьйтуш а Верг». Цо** (Намруда) **элира: «Ас денво, вала а волуьйту».** *«Аль-Бакъарат», 258.* Набахти чуьра ши стаг схьа а валавайтина, цаьршиннах цхьаъ вийра цо, важа ца вуьйш дийна витира. Оццул сонта волуш шена иза гича, ИбрахӀим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) кхин делил далийра цунна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ИбрахӀима элира: «АллахӀа малх схьакхоьтуьйту Малхбалехьара, ахь схьакхетийта иза Малхбузехьара».** *«Аль-Бакъарат», 258.*

Намруд паччахь, воха а воьхна, хӀун дан деза ца хууш висира. Шен эскар а кечдина, Намруда ИбрахӀим-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) хьайн эскар кечде, элира. Дала чуьркаш яхийтира Намрудана, цуьнан

эскарна а тIе. Уггар а жима чуьрк цуьнан мерчухула хье чу а яхана, масийтта шарахь цуьнан хье бууш Iийра. Шен корта лазабаьлча, уллохь волчу лега шен коьртах мача я гIаж тохуьйтуш хилла цо. Массо хIуманна тIехь ша ницкъ болуш ву бохучу Намрудан валар иштта сийсазчу кепара хилийтира Дала.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. Адамаш Делан дине кхойкхуш, хьекъалца а, гIиллакхца а, хазчу хьехамца а кхайкха безаш хилар.
2. Нах нийсачу новкъа нисбан араваьллачо дуьххьара шен доьзал а, шен гергара нах а бакъонна тIе кхайкха безаш хилар.
3. Шена тIе бала беъча, Далла тIе болх билла безаш хилар.
4. **ХьасбуналлóхIу ва ниIмаль-вакúл** – деза доIа хилар.
5. Нахана тIехь къизалла латтош, Iесаллехь тIехваьлла волу зуламан да (уггар сийсаза валар цунна тIедаийтарца) Дала хIаллакведаш хилар.

**ИбрахIим-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна) **кхелхина вахар**

Цул тIаьхьа ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Шемахь йолчу Хьарран олучу метте кхелхина вахара, шен хIусамнана Сарат, вешин кIант ЛутI а эцна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (ИбрахIима) **элира: «Баккъалла а, со воьдуш ву сайн Дала омра динчу меттиге, Цо нисвийр ву со. Сан Дела, суна дикачарах** (доьзалхо) **лохьа. Оха цунна кхаъ баьккхира тIех собаречу кIантаца».** *«Ас-Соффат», 99-101.*

Хьарранехь бехаш болу нах, АллахI вицвина, седарчашна Iибадат деш тилабелла хилла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иштта Оха гайтира ИбрахIимна стигланийн а, лаьттан а паччахьалла, иза догтешийначарах хилийтархьама».** *«Аль-АнIам», 75.*

Дала шена и доккха Iаламат гайтича, ИбрахIима (Делера салам хуьлийла цунна) Хьарранера бахархошна хьехам бира, седарчашна Iибадат ца деш, уьш кхоьллинчу Далла де Iибадат, аьлла. Бакъду, цара къобал ца бира хьехам, ИбрахIимца (Делера салам хуьлийла цунна) къийсалуш девне бевлира уьш. ТIаккха ИбрахIим (Делера салам хуьлийла цунна) кхелхина вахара Мисара (Египте). Цигахь волчу зуламечу паччахьна тIе хабар кхечира, кхечу махкара стаг веана Мисара, шеца цхьаьна чIогIа хаза зуда а йолуш, аьлла. Дуьнен чохь болчу зударех уггар а хаза зуда хилла Сарат. (Адам-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) зуда Хьава дIаяьлча). Паччахьо шен эскархой бахийтира, иза ша волчу схьаяло. Сарата Деле доьхуш доIа дира, оцу зуламечу паччахье ша сийсаза ма яйтахьара аьлла. Дала цо динчу доIина жоп делира, цунна тIе куьг кховдо паччахьан ницкъ ца кхачийтира.

Сарат дIахийцира паччахьо, цунна боккха лерам а бира цо. СовгIатна дуккха а деши, цул совнах гIуллакх дан гIарбаш а елира цо Саратна, шен цIе ХIажар йолуш. Шен доьзалан сий лардар доккха а хетта, цу юккъе хан ца йолуьйтуш, ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) шен зуда Сарат, вешин кIант ЛутI, гIарбаш ХIажар а эцна кхелхина дIавахара Палестине. Сарат доьзал ца хуьлуш хилла, цундела цо ИбрахIиме (Делера салам хуьлийла цунна) ХIажар долаяккха элира. ИбрахIим-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) 85-86 шо кхочуш, ХIажара кIант вира цунна, ИсмаIил аьлла шена цIе тиллина волу. Цул тIаьхьа Дала омра дира ИбрахIим-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна), ХIажар а, ИсмаIил а эций Макка гIо, аьлла. Оцу заманахь Макка екъа меттиг хилла, Iаш нах боцуш, кхуьуш ялта а я мала хи а доцуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ИбрахIима аьлла хан дагаяийта: «ХIай сан Дела, Ахь хилийтахь хIара** (Макка шахьар) **тешаме** (кхерам боцуш)**, со а, сан кIентий а генабахахь цIуйшна Iибадат дарх».** *«ИбрахIим», 35.*

ХIажар а, ИсмаIил а цигахь дитина, ИбрахIим пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дIавахара. Деле доьхуш, доIа дира цо: **«ХIай тхан Дела! Ас сайн цхьаболу доьзал баха хаий-кх ялта доцчу боьрахь Хьан сийлахьчу цIенна уллохь цара цигахь, хIай тхан Дела, ламаз хIотторхьама. Нехан дегнаш цаьрца уьйр йолуш хилийтахь, царна рицкъа а лохьа** (массо) **стоьмех, уьш** (Хьуна) **шукра деш хилийтархьама».** *«ИбрахIим», 37.*

Дала жоп делира ИбрахIим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) динчу доIина, Цо Маккех кхерам боцуш шахьар хилийтира. Вакхош ИсмаIил а волуш, молуш долу хи, яахIума а кхачийра ХIажаран. ТIаккха мала хи лоьхуш, Софа олучу лома тIе хьала а яьлла, дIасахьаьжира иза, амма цунна хIумма а ца гира. Юха охьа а йоьссина, едда яхана Марват олучу лома тIе хьала а яьлла, бIаьрг дIасахьажийра цо, амма цхьа а ца карийра цунна. Иштта ворхIазза оцу шина лома тIе хьала а йолуш, уьдуш лийлира иза. И бахьанехь ду ХьаьжцIа бахана нах оцу шина лома юккъехула ворхIазза дIасабахар. ТIаьххьар а Марват олучу лома тIехь ша йолуш, ХIажарна цхьа аз хезира. Джабраил-малик (Делера салам хуьлийла цунна) хилла иза, Делан омранца Зам-Зам хи лаьттах хьаладаккха Дала даийтина. Цо шен тIам а тоьхна хи далийтира, тIаккха ХIажаре кхаъ баьккхира, кхузахь ХьаьжцIа дугIур ду хьан кIанта аьлла. Цул тIаьхьа Йемен махкара ДжурхIум цIе йолу Iарбийн тайпа кхечира цига, шайна дахаховша хи долу меттиг лоьхуш. ХIажаре пурба а дехна, цигахь баха севцира уьш. ИсмаIил царна юккъехь кхиира, церан мотт а, гIиллакхаш а Iамийра цо, ша кхиъна ваьлча царна юкъара зуда а ялийра цо. ИбрахIим-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) доIина Дала жоп

делира, и дика нах оцу меттигна тIенисбарца, церан дегнаш чу уьйр-безам тасарца а.

ХIора шарахь цкъа я шозза ИбрахIим (Делера салам хуьлийла цунна) хьажахIотта воьдуш хилла ХIажар а, ИсмаIил а долчу. Цхьана буса Маккахь а волуш, цунна гIан гира, шен кIантана ИсмаIилна ша урс хьокхуш. Шена гина долу гIан Делера хаам буй хиира ИбрахIимна (Делера салам хуьлийла цунна), пайхамаршна гIенах харцдерг гайта шайтIанан ницкъ боцу дела. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза** (ИсмаIил) **цуьнца** (ИбрахIимца) **лелалуш андаваьллачу хенахь, цо** (ИбрахIима) **элира: «ХIай сан жима кIант, суна гIенах го-кх, ас хьуна урс хьокхуш, хьайна хIун аьлла хета хьажахь». Цо** (ИсмаIила) **элира: «ХIай сан да, хьайга омра дийриг кхочушде ахь, хьуна со карор ву, Дала мукъалахь, собаре хиллачарах».** *«Ас-Соффат», 102.*

Иштта Делан омра кхочушдеш, шен 86 шо долуш дуьнен чу ваьлла волчу, цхьаъ бен воцчу кIантана урс хьакха вахара ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна). Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«И шиъ** (ИбрахIим, ИсмаIил) **муьтIахь а хилла, цо** (ИбрахIима) **иза агIон тIе охьавиллича** (цунна урс хьокхуш)**, Тхо цуьнга кхайкхира: «ХIай ИбрахIим! Баккъалла а, ахь бакъди хьайна гина гIан, иштта бекхам бо Оха дикадинчарна».** *«Ас-Соффат», 103-105.*

Дала Джабраил-малик (Делера салам хуьлийла цунна) даийтира, ИсмаIилан метта гIурбанна урс хьакха ялсаманера ка бохьуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха цунна махина делира доккха гIурба».** *«Ас-Соффат», 107.*

ИбрахIим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) уьстагIна урс хьаькхира, цундела вайна суннат ду уьстагIца я кхидолчу хьайбанца гIурба дер.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. Шена ца беза болх дуьхьалкхеттачо я ша цхьамма сийсазварх кхоьручо, Деле Iалашвар доьхуш доIа дича, Дала цуьнан доIина жоп луш хилар.
2. Шен зудчун а, доьзалан а сий лардар – хIора стеган декхар хилар.
3. Делан омранца Джабраил-малико (Делера салам хуьлийла цунна) шен тIам а тоьхна далийтина долу Зам-Зам хи – лаьтта букъа тIехь уггар дика а, беркате а хи хилар.
4. Пайхамаршна гуш долу гIан – Делера хаам, омра а хилар.
5. Дала Шена дукхабезнарш бес-бесара баланашца зуьйш хилар.
6. Шен омранна муьтIахь хилларш Дала балех хьалхабохуш хилар.

7. УьстагӀна урс хьокхуш гӀурба дер – ИбрахӀим-пайхамарера (Делера салам хуьлийла цунна) схьадеана деза суннат хилар.

**Исхьакъ-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

ИбрахӀим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Палестине вухавеъча, Дала цуьнга кхаъ баьккхира, Сарата кӀант вийр ву хьуна, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха кхаъ баьккхира цуьнга Исхьакъца, – дикачарах пайхамар хир ву иза, аьлла. Оха беркат дира цунна а, Исхьакъна а. Цаьршиннан тӀаьхьенах диканиг хир ву, шен дегӀана билггала зулам дийриг а хир ву».** *«Ас-Соффат», 112-113.*

Оцу хенахь ИбрахӀиман (Делера салам хуьлийла цунна) - 120 шо, цуьнан зудчун Саратан - 90 шо кхаьчна хилла. ИбрахӀим-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна), цуьнан хӀусамнене Сарате а кхаъ боккхуш, адамийн суьртахь а долуш, кхо малик деара: Джабраил, Минкаил, Исрафил (Делера салам хуьлийла царна). ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) царна хьошалла деш, сихха эсана урс а хьаькхна, деттина жижиг хьалха диллира царна, амма цунах куьг ца туьйхира цара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Тхан геланчаш баьхкира ИбрахӀиме кхаъ боккхуш, цара элира: «Маршалла хуьлийла хьуна!» Цо элира: «Маршалла хуьлийла шуна а». Цо сихо йира деттина эса царна хьалха дилла. Шена гича, церан куьйгаш цунна** (эсанна) **тӀе ца кхевдаш, цо царна инкарло йира, цуьнан дагчу кхерам беара царах».** *«ХӀуд», 69-70.*

ИбрахӀим (Делера салам хуьлийла цунна) кхеравелла гича, маликаша дийцира, шаьш ЛутӀ-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къам хӀаллакдан дахкийтина хилар. Сарате кхаъ баьккхира цара, Исхьакъ цӀе йолуш доьзалхо дуьнен чу вер ву хьан, цуьнан ЯӀкъуб цӀе йолуш кӀант хир ву аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Сарата) **элира: «ХӀара ма боккха болх бу! Доьзалхо вийр ву ткъа ас, со къена зуда ма ю, хӀара сан хӀусамда къена стаг ма ву? Ма тамашийна хӀума ду хӀара!»** *«ХӀуд», 72.* Сарат цецъелира оцу балхах, шен 90 шо, шен хӀусамден ИбрахӀиман (Делера салам хуьлийла цунна) 120 шо хилла дела оцу хенахь. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара** (маликаша) **элира: «Хьо цецйолу Делан омранах? Делан къинхетам а, Цуьнан беркат а хуьлийла шуна, хӀай цӀийнан охӀла! Баккъалла а, Иза Хастаме верг а, Сийлахь верг а ву».** *«ХӀуд», 73.* Иштта ИбрахӀим а (Делера салам хуьлийла цунна) цецвелира, шега баьккхина кхаъ бакъ хиларе сатуьйсуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (ИбрахӀима) **элира: «Аш соьга кхаъ боккху, со къаналло схьалаьцча? Стенца кхаъ боккху аш? Цара** (маликаша) **элира: «Бакъдолчуьнца кхаъ баьккхина оха**

**хьоьга, хьо ма хила догдиллинчарах». Цо** (ИбрахIима) **элира: «Ша кхоьллинчу Делан къинхетамах дог дуьллур ма дац тилабеллачара бен».** *«Аль-Хьижр», 54-56.* ИбрахIим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Деле дехча, шен кIантах ИсмаIилах пайхамар вахьара Ахь, аьлла, Веза-Сийлахьчу Дала цуьнга элира: **«Бакъ долуш, хьан зудчо Сарата кIант вийр ву хьуна, цунна Исхьакъ аьлла цIе а туьллур ю ахь. Айса цунна йина чIагIо кхочушйийр ю Ас шен заманахь, цуьнан тIаьхье а хуьлуьйтур ю Ас. Баккъалла а, Ас жоп делла хьуна ИсмаIилан хьокъехь, Ас цунна беркат дина, иза кхиа а вина, цуьнан тIаьхье а дебийна».** Баккъалла а, Дала кхочушйира Шен чIагIо, ИсмаIилах (Делера салам хуьлийла цунна) пайхамар а вира Цо, Iарбийн къоман да а вира цунах Цо. Исхьакъ (Делера салам хуьлийла цунна) шен 180 шо долуш дIакхелхира, иза Хьабронехь (Хевронехь) дIавоьллира, шен дена ИбрахIимна (Делера салам хуьлийла цунна), нанна Саратна а уллохь. Ткъа ИсмаIил (Делера салам хуьлийла цунна) шен 137 шо долуш дIакхелхира, иза Маккахь дIавоьллира, шен нанна ХIажарна уллохь.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Исхьакъ (Делера салам хуьлийла цунна) веза пайхамар хилар, шен хьокъехь ИбрахIиме (Делера салам хуьлийла цунна) Дала кхаъ баьккхина волуш.
2. ИбрахIим-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) хаза масал эцар (ша волчу баьхкина хьеший тIеэцарехь, царна хьошалла дарехь а).
3. ЯахIума яа волалуш – **Бисмилла́хIиррохьма́ниррохьи́м** – алар, йиъна ваьлча – **Альхьамду лилла́хIи роббиль-Iа́лами́н** – алар а суннат хилар.
4. ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Далла дукхавезна пайхамар хилар.
5. Дала Ша къастийначарна доьзал луш хилар, церан къаналле ца хьоьжуш.
6. Дакъазаваьллачо а бен, Делан къинхетамах дог дуьллуш ца хилар.
7. Iарбийн къам ИсмаIилах (Делера салам хуьлийла цунна) схьадоладелла хилар.

### **ХьаьжцIа** (КаIбат) **догIар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, нахана** (Iибадат дан) **уггаре хьалха доьгIна цIа Баккахь** (Маккахь) **дерг ду, Iаламашна беркате долуш, нийса некъ а болуш.** *«Алу Iимран», 96.*

ИбрахӀим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) ша Макка веана волуш, шен кӀанте ИсмаӀиле (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«ХӀай сан кӀант! АллахӀа цхьана балхаца омра дина соьга»**. ИсмаӀила (Делера салам хуьлийла цунна) жоп делира: **«ХӀай сан да! Дала хьайга дина омра кхочушде ахь».** ТӀаккха ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга хаьттира, оцу тӀехь шена гӀо дийр дуй ахь, аьлла. Шена иза хӀун ду а ца хууш волчу ИсмаӀила (Делера салам хуьлийла цунна) жоп делира, Дала хьоьга омра дина хилча, ша гӀо ца деш муха Ӏийр ву, аьлла. ТӀаккха ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) шен кӀанте элира: **«Баккъалла а, АллахӀа соьга омра дина, хӀокху меттехь нахе Шена Ӏибадат дайта цӀа догӀа, аьлла».** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха ИбрахӀимна ХьаьжцӀа догӀа меттиг билгалйина хан хьахае ахь,** (Тхаьш олуш)**: «Соьца накъост ма лацалахь цхьана а хӀуманца, Сан цӀа** (КаӀбат) **цӀанде ахь** (тӀаваф деш) **гуо боккхучарна а, Ӏибадат** (иӀтикаф) **деш чохь сецна болчарна а, рукуӀе, сужуде баханчарна а** (ламаз дечарна)**».** *«Аль-Хьадж», 26.*

Дала шена меттиг билгалйича, ИбрахӀим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна), цуьнан кӀанта ИсмаӀила а (Делера салам хуьлийла цунна) хьаладотта долийра ХьаьжцӀа. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ИбрахӀима а, ИсмаӀила а ХьаьжцӀийнан баххаш ойбу хан хьахае ахь,** (Деле доьхуш): **«ХӀай тхан Дела! Къобалде Ахь хӀара** (гӀишло яр) **тхоьгара, баккъалла а, Хьо ма ву Хезашверг, Хуушверг а».** *«Аль-Бакъарат», 127.*

Цул тӀаьхьа цаьршимма Деле дийхира, шаьшшиъ а, шаьшшиннан доьзал а Цунна муьтӀахь хилийтар, Ӏибадат дарехь шаьшшиъ нисвар а. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХӀай тхан Дела! Тхойшиъ Хьайна муьтӀахь вехьа, тхан тӀаьхьенах а Хьайна муьтӀахь долу уммат де Ахь, оха** (ХьаьжцӀахь) **дан дезачу Ӏибадатан бакъонаш гайта Ахь тхуна, тхуна гечдехьа, баккъалла а, Хьо ма ву Гечдешверг, Къинхетамеверг а».** *«Аль-Бакъарат», 128.*

ИбрахӀима, ИсмаӀила а (Делера салам хуьлийла цаьршинна) оганаш хьаладуттучу хенахь, соне билла тӀулг хьаштхилира цаьршинна. Веза-Сийлахьчу Дала ялсаманера тӀулг бохьуш, Джабраил-малик (Делера салам хуьлийла цунна) даийтира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь дийцина, иза чӀогӀа кӀайн бос болуш тӀулг бара, аьлла. Адам-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) тӀаьхьено летош долу къинош тӀеэцар бахьанехь, жим-жима Ӏаржлуш, Ӏаьржа тӀулг хилла цунах. Оганаш лакха хьаладевлча, ИбрахӀима (Делера салам хуьлийла цунна) шен кӀанте ИсмаӀиле (Делера салам хуьлийла цунна) шена тӀехӀотта боккха тӀулг баийтира. Берзинчу когашца иза оцу тӀулга тӀе ваьлча, цуьнан ши ког тӀулга чу боьссира, оцу тӀехь лараш а юьтуш. ИбрахӀим-пайхамаран (Делера салам

хуьлийла цунна) макъам (меттиг) аьлла, цIе тиллира цунна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш лаца ИбрахIиман макъамах** (иза тIехIоьтттина лаьттинчу тIулга тIехьа) **ламаз дан меттиг».** *«Аль-Бакъарат», 125.*

Цундела ХьаьжцIа баханчу наха шаьш КаIбатна ворхI гуо баьккхина бевлча, тIаваф даран ши ракаIат суннат ламаз до оцу тIулгана тIехьа. ХьаьжцIа доьгIна даьлча, Делера омра деара, ийман диллинчу нахана тIехь ХьаьжцIа бахар фарз хилар хоуьйтуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Нахана тIехь важиб ду - АллахIан дуьхьа ХьаьжцIа бахар, цига новкъа дIасабаха ницкъ кхачахь** (некъ маьрша белахь, могашалла а елахь, шена а, цIахь буьсучу шен доьзална а тоам беш кхача а белахь)**».** *«Алу Iимран», 97.*

Цул тIаьхьа Дала омра дира ИбрахIим-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна), нахе ХьаьжцIа дуьйла але кхайкхам бе, аьлла. ТIаккха ИбрахIим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Iарафат лома тIе хьала а ваьлла, мохь туьйхира: **«ХIай нах! Дала шуна Iибадат дан цIа доьгIна, Цо шуна важиб дина цига дахкар, шайн Делан омра кхочушде аш».** Шен юхь Малхбалехьа, Малхбузехьа, Къилбанехьа, Къилбаседанехьа а ерзош, кхайкхам бира цо. Дала цуьнан аз хазийтира дуьнен чохь болчу массо а нахана, цул совнах - церан дегнаш чу ХьаьжцIа (КаIбат) дезар а диллира Цо. Азаллехь Дала шаьш ХьаьжцIа гIур бу аьлла яздинчеран синоша жоп делира цунна, шаьш олуш: **«ЛаббайкаллóхIумма лаббайка** (ХIай АллахI, Хьан омранна муьтIахь ду тхо, и кхочушдан кийча ду тхо)**».** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь нахе кхайкхам бе, ХьаьжцIа дуьйла алий, тIаккха уьш богIур ма бу гIаш а, хIора гIелъеллачу эмкална тIехь а генахь йолчу массо а меттигашкара».** *«Аль-Хьадж», 27.*

Дала шега кхайкхам бе аьлча, ИбрахIим-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) аьлла хилла: **«ХIай сан Дела! Сан аз массо нахана хезар ма дац».** ТIаккха Дала цуьнга аьлла: **«Хьан декхар – кхайкхам бар ду, и дIакхачадар – Тхан декхар ду»**. Веза-Сийлахьчу Делан пурбанца, дуьнен чохь мел йолчу шахьаршкара ХьаьжцIа бахка, цуьнан лерам бан а буьйлабелира нах. ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) вазвира Дала, цуьнга итт жайна а доссийра Цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахIа ИбрахIимна Ша дукхавезар делира».** *«Ан-Нисаъ», 125.*

ИсмаIилан (Делера салам хуьлийла цунна) нана ХIажар ИбрахIимал (Делера салам хуьлийла цунна) хьалха дIакхелхира, иза Маккахь дIайоьллира цара. Цул тIаьхьа ИбрахIиман (Делера салам хуьлийла цунна) зуда Сарат дIакхелхира, шен 127 шо долуш. ИбрахIим-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) шен 175 шо кхаьчча дIакхелхира, цуьнан шина кIанта ИсмаIила, Исхьакъа а дIавоьллира иза Саратна уллохь, Хьаброн цIе йолчу меттехь.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. ХьаьжцIа - Дала Шена Iибадат дайтархьама догIийтина хилар.
2. Делаца накъост лацар – даккхийчех къа хилар.
3. Ша еш йолу Iамал Деле къобал яр доьхуш, доIа дар деза хилар.
4. Аьтто болчунна, шен оьмарехь цкъа вахана а, ХьаьжцIа вахар важиб хилар.
5. ХьаьжцIа ваханчо тIаваф деш КаIбатна ворхI гуо баккхар важиб хилар.
6. ВорхI гуо баьккхина ваьллачо тIаваф даран ши ракаIат суннат ламаз ИбрахIим-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) макъамна тIехьа дар деза хилар.

**Юсуф-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

ЯIкъуб-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) шийтта кIант хилла. Юсуф а, Биньямин а цхьана нанас вина хилла, шен цIе Рахьийл йолчу. Бисинчарах ялх ваша цхьана нанас вина хилла, виъ ваша шина гIарбашо вина хилла. Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) царах уггар сийлахь верг а, везаниг а вара. ЯIкъубана (Делера салам хуьлийла цунна) Юсуф а, Биньямин а чIогIа дукхавезара. И бахьанехь бисинчу вежарша хьагI лецира цуьнца. Шен берех цхьадерш вукхарал алсам дезар къа долуш хIума дац, амма вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) оцу балхах ларло аьлла вайга, цара вовшашца хьагI лацарна кхерам болу дела. Шен шийтта шо кхаьчначул тIаьхьа, Юсуфна (Делера салам хуьлийла цунна) тамашийна гIан гира, стиглара седарчаша, малхо а, батто а шена сужда деш; цо иза шен дега ЯIкъубе (Делера салам хуьлийла цунна) дийцира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Юсуфа ма элира шен дега** (ЯIкъубе)**: «ХIай сан да, суна гина** (гIенах) **цхьайтта седа а, малх а, бутт а; суна гина уьш сайна сужда деш».** *«Юсуф», 4.*

Цунна гина болу цхьайтта седа – цуьнан цхьайтта ваша вара, малх а, бутт а – цуьнан да-нана дара. **Цо** (ЯIкъуба) **элира: «ХIай сан жима кIант, и хьайна гинарг** (гIан) **ма дийцалахь хьан вежаршка – хьуна мекарло йийр ю цара. Баккъалла а, шайтIа билггал адаман мостагI ду. Иштта хьан Дала хоржур волуш ву хьо, хьуна Iамор долуш ду Цо гIенаш тидар, хьуна а, ЯIкъубан доьзална а Шен ниIмат кхочушдийр долуш ду Цо, Ша хьалха хьан дайшна – ИбрахIимна а, Исхьакъна а кхочушдина хиларе терра. Баккъалла а, хьан Дела Хуушверг а, массо хIума нийса деш верг а ву».** *«Юсуф», 5-6.*

ХIара дийцар Дала дуьйцу, хьоттуш болчаьрга цунах масал эцийтархьама. Жуьгташа Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дехна хилла, Юсуф-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаций шайна дийцахьара аьлла, тIаккха Дала цунах лаьцна Къуръанан дуьззина сурат доссийра. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Юсуфехь а, цуьнан вежаршкахь а билгало яра хьоттучарна. Цара** (вовшашка) **элира: «Юсуф а, цуьнан ваша а** (Биньямин) **вайл дукхавеза вайн дена, ткъа вай цхьа тоба ма ю, баккъалла а, и вайн да билггалчу тиларчохь ву-кх».** *«Юсуф», 7-8.*

Уьш вовшашца дагабевлира, церан оьгIазло а, Юсуф цавезаран хьагI а совъелира, иза вен бен ойла йоцуш. Цара элира: **«Юсуф ве я цхьана** (кхечу) **махкахь дIакхосса – шун ден юьхь шуна тIейоьрзур ю, шу хир ду цул тIаьхьа дика нах». Царах олучо элира: «Юсуф ма ве, кIоргачу гIу чу кхосса иза, и ца дича шаьш Iаш дацахь – цхьаболчу новкъа боьлхучу наха схьавоккхур ву иза».** *«Юсуф», 9-10.*

Оцу балха тIехь барт хилира церан, тIаккха шайн да волчу бахара уьш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара элира: «ХIай тхан да! Ахьа хIунда ца вуьту Юсуф тхох тешна, тхо цунна хьехамчаш ма ду! Ваийтахь и тхоьца кхана шен самукъадаккха, ловза а, оха и Iалашвийр ву».** *«Юсуф», 11-12.*

ЯIкъуб-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) царна жоп делира, цхьана сохьтана а Юсуфах (Делера салам хуьлийла цунна) къаста хала ду шена, шу гIопал а хилла, иза барзо ваарна кхоьру ша, аьлла. Берзалой дукха йолуш мохк хилла иза. ЯIкъуб-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) реза хиллалц дехарш дира цара, шаьш Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) ларвийр ву, бохуш. Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) вига а вигна, гIу чу кхоьссира цара. Суьйранна белха а боьлхуш цIа баьхкира уьш, цуьнан коч йохьуш, цунна тIе цIий а хьаькхна. Шайн дега, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) барзо виъна, элира цара. ЯIкъубана (Делера салам хуьлийла цунна) хиира уьш харцлуьйш хилар. Куча тIе а хьаьжна, цо цаьрга элира: **«Ма къинхетаме борз хилла иза, коч а ца ятIош сан кIант виъна йолу».** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Уьш баьхкира цуьнан** (Юсуфан) **куча тIехь харц цIий долуш. Цо** (ЯIкъуба) **элира: «Шун синоша цхьа гIуллакх хаздина шуна. Собар дар дика ду-кх», АллахI ву-кх аша хIотточу сурта тIехь Шега гIо деха хьакъ верг».** *«Юсуф», 18.*

Мадъян махкара Мисара (Египет) йоьдуш йолу къепал кхечира гIу тIе. Цара шайна мала хи эца гIу чу чийлак кховдийча, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) оцу тIе кхозавелла хьалавелира. Цуьнан оцу хенахь 12 шо хилла. Шаьш Мисара дIакхаьчча, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) воьхкира цара цигахь волчу министарна. Веза-Сийлахьчу Дала боху:

**«Мисарара и ша эцначо шен зудчуьнга элира: «Хазделахь цуьнан Iар-вахар** (вайн хIусамехь)**, вайна пайда бан мега цо, я вай цунах вайна кIант вийр ву».** *«Юсуф», 21.*

Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) воккха хилча, Дала цунна кхетам а, гIенаш тидаран хаар а делира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза гIеметта хIоттинчу хенахь, Оха цунна кхетам а, Iилма а делира. Иштта бекхам бо Оха дика деш болчарна».** *«Юсуф», 22.*

Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) Дала шена хаза куц делла вара. Вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Дала стигала ваьккхинчу буса Юсуфна (Делера салам хуьлийла цунна) дуьхьалкхийтира, цо цунах лаьцна элира: **«Баккъалла а, дуьненан хазаллех ах** (Дала) **шена елла вара иза».** Цуьнан хазалла шена гуш йолчу Зулайхас Юсуфна (Делера салам хуьлийла цунна) шен дагара хаийтира. Цхьана дийнахь неIарш дIа а къевлина, шеца зина де аьлла хьовзийра иза Зулайхас. Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) реза ца хилира, цо элира: **«АллахIа ларвойла!** (муха хир ву со ямарт) **Баккъалла а, иза** (хьан хIусамда) **сан эла ву, цо сан Iар-вахар хаза дина, баккъалла а, ирсе хир бац зуламхой».** *«Юсуф», 23.*

Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) неIарна тIе хьаьдира, тIаьхьа яьллачу Зулайхас цуьнан коч тIехьахула катоьхна ятIийра. ТIаьхххьарчу неIарна тIе кхаьчча, цаьршинна дуьхьалкхийтира цуьнан эла. Кхераеллачу Зулайхас Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) бехке вира, и шена ямарт хила гIоьртина, аьлла. ТIаккха, Делан лаамца, агана чохь долчу беро тоьшалла дира: **«Нагахь санна цуьнан коч хьалхахула яьтIийна елахь – иза** (Зулайха) **бакълуьйш ю, ткъа иза** (Юсуф) **харцлуьйчарах ву. Нагахь санна цуьнан коч тIехьахула яьтIийна елахь – иза** (Зулайха) **харцлуьйш ю, ткъа иза** (Юсуф) **бакълуьйчарах ву».** *«Юсуф», 26-27.*

Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) бехке цахилар гучуделира царна тIаккха. Шахьарахь болчу зударшна юкъахь эладита даьржира, Зулайхас шен хIусамехь волчу кIантана дагара хаийтина, бохуш. Цара ша бехке еш хабарш дуьйцуш хилар шена хиъча, Зулайхас цхьана дийнахь ша йолчу хьошалгIа кхайкхира уьш. Царна хьалха стоьмаш бехкина, хIора зудчун кара урс а делла, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) схьакхайкхира Зулайхас. Цуьнан хазаллех цецбевлла, шаьш хIун леладо а ца хууш, цара шайн куьйгаш а хедийра, шаьш олуш: **«ХIара адам дац! ХIара сийлахь малик ду!»** *«Юсуф», 31.* ТIаккха Зулайхас элира: **«И ву-кх шуна аша суна шен хьокъехь бехкаш бехкинарг! Ас цунна дагара хаийтира – иза чIогIа ларвелира. Ас шега омра дийриг цо ца дахь, набахти чу вуллур ву иза».** *«Юсуф», 32.*

Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) везавелира царна, цкъа бен шайна иза гина воццушехь; Зулайхас хьайга де бохучунна реза хила хьо, элира цара цуьнга. ТӀаккха Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) Деле доьхуш доӀа дира: **«ХӀай сан Дела, набахти дукха ма еза суна, цара соьга де бохучул а».** *«Юсуф», 33.*

Дала цуьнан доӀина жоп делира, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) цхьана ханна набахте чу воьллира цара. ВорхӀ шарахь бехк боцуш набахтехь латтира иза. Мисарахь волчу паччахьна тамашийна гӀан дайра, берстина ворхӀ етт озачу ворхӀамма бууш, баьццара ворхӀ кан а, важа ворхӀ кан бакъабелла болуш. Шена гина гӀан тида элира цо гӀан туьдуш болчаьрга. Цара жоп делира, ийна гӀенаш ду хьуна гинарш, иштта гӀенаш тида хууш дац шаьш, аьлла. Юсуфца (Делера салам хуьлийла цунна) цхьана набахте чохь латтинчу паччахьан чагӀардоккхучо чӀагӀдира, шена вевза и гӀан туьдур верг, аьлла. Набахтехь волчу Юсуфе (Делера салам хуьлийла цунна) дийцира цо паччахьна гина гӀан, и туьдуш Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«ВорхӀ шарахь тӀеттӀа дика ялта дуьйр ду аша, шаьш гулдинарг – иза кена чохь диталаш, шаьш дуучух цхьакӀеззиг доцург. Цул тӀаьхьа хала** (йокъа йолуш) **ворхӀ шо догӀур ду, цара дуур ду аш царна хьалха кечдинарг, аша Ӏалашдеш долчух цхьакӀеззиг доцург. Цул тӀаьхьа цхьа шо догӀур ду, шена чохь нахана дика догӀа доьлхур долуш, шена чохь цара** (стоьмех) **мутт доккхуш».** *«Юсуф», 47-49.*

ЧагӀардоккхучо паччахье и дийцича, цо ша волчу Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) схьавалаве, элира. Ша волчу геланча веача, Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«Хьайн эла волчу вухагӀой, ахь цуьнга хатта: «Шайн куьйгаш хедийначу зударех хӀун хилла? Баккъалла а, сан эла церан мекарлонаш хууш ма ву».** *«Юсуф», 50.*

Паччахьа таллам бича, цунна хиира Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) бехк боцуш чувоьллина хилар. Зулайхас мукӀарло дира, ша яра цунна дагара хаийтинарг, ткъа цуьнан цхьа а бехк бац, аьлла. Паччахьа Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) шена тӀевалаве, элира. Цуьнца шен къамел хилча, цо элира: **«Хьо тахана тхуна гергахь доккха дарж долуш а, тешаме верг а ву».** *«Юсуф», 54.*

Юсуфан (Делера салам хуьлийла цунна) лаамца паччахьа иза лаьттан хазнина тӀехӀоттийра. ВорхӀ шо деара догӀанаш догӀуш, дӀадийна ялта дика кхуьуш. Цул тӀаьхьа Мисарахь а, кхийолчу меттигашкахь а йокъа хӀоьттира. Массо а меттигашкара нах ялта эца богӀуш хилла Мисара. Юсуфан (Делера салам хуьлийла цунна) вежарий а баьхкира цига ялта эца, цунна уьш бевзира, амма царна и ца вевзира. Цаьрга хаьттира цо, кхин цхьа а ваша вуй шун, аьлла. Цара жоп делира, дена вина ваша ву, аьлла. Царна ялта доьхкина, уьш

дIабохуьйтуш, Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга шайн дена вина ваша валаве, элира. Нагахь и ца валавахь, шуна ялта духкур дац ша, элира цо. Шаьш цIа баьхкича, шайн дега ЯIкъубе (Делера салам хуьлийла цунна) дийцира цара паччахьа шайга аьлларг. Биньямин шайца ваийтахьара аьлла, дехар дира цара шайн дега. ЯIкъуба (Делера салам хуьлийла цунна) царна жоп делира, ша Биньямин воуьйтур ву шуьца, аша Делаца чIагIо ца яхь, шаьш дийна а, маьрша а долуш иза цIа ца валош вуьтур вац, аьлла. Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) волчу уьш баьхкича, цо шен ваша маравоьллира, ша цуьнан ваша вуй хаийтира. Иза ша волчохь сацаван ойла хилира цуьнан. Церан тIоьрмигаш чу кIа духкучу хенахь, Биньяминан тIоьрмига чу ялта дустуш болу дашо кад биллийтира цо. Уьш новкъабевлча, царна тIаьхьа мохь а тоьхна, шу къуй ду, элира. Церан тIоьрмигаш чу хьаьжначул тIаьхьа, Биньяминан тIоьрмига чуьра хьалабаьккхира дашо кад. Иштта Дала аьтто бира Юсуфан (Делера салам хуьлийла цунна) шен ваша ша волчохь сацон. Шайн дега ЯIкъубе (Делера салам хуьлийла цунна) шаьш йина чIагIо дагаеана, цара дехар дира, цуьнан метта шайн юкъара цхьаъ лацахьара, аьлла. Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) шайн дехарна жоп ца делча, догдиллина дIабахара уьш. Хьан кIант Биньямин къола дар бахьанехь схьалаьцна, элира цара шайн дега. ЯIкъуба (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга элира: **«ХIаъ! Шун синоша цхьа болх хазбина шуна. Собар дар дика ду-кх».** *«Юсуф», 83.*

ТIаккха царна къайла а ваьлла, чIогIа вилхира иза, шен гIайгIа-бала Деле балхош. Цул тIаьхьа цо элира: **«ХIай сан кIентий! ДIагIо, Юсуфах а, цуьнан вешех а лаьцна таллам бе. Делан къинхетамах дог ма дилла. Баккъалла а, Делан къинхетамах догдуьллур ма дац, Делах ца тешачу къомо а бен».** *«Юсуф», 87.*

Шаьш Мисара кхаьчча, Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) волчу бахара уьш. Цара цуьнга балхам бира, шайга хало, мацалла а кхаьчна аьлла. Юсуфе (Делера салам хуьлийла цунна) шайна сагIина ялта лахьара аьлла, дехар дира цара. ТIаккха Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) цаьрга элира: **«Шаьш Юсуфна а, цуьнан вешина а динарг хаий шуна, шаьш жехIил долуш?»** *«Юсуф», 89.*

Вежаршна хиира, иза шайн ваша Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) вуйла, цара элира: **«Баккъалла а, Юсуф ву хьо?!»** Цо царна жоп делира: **«Со Юсуф ву, хIара сан** (нанас вина) **ваша а ву. Дала къинхетам бина тхох. Баккъалла а, Делах кхоьруш верг а, собар деш верг а** (Дала Iалашво)**, баккъалла а, Дала ца эшайо дикадечеран ял».** *«Юсуф», 90.*

Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) дIабахийтира уьш, шайн берриг а доьзалш балош ша волчу схьадуьйла аьлла. Цо шен коч а яхьийтира цаьрга,

шен ден юьхьа тIе хьакха и, цунна бIаьрса догIур ду аьлла. Цара Юсуфан (Делера салам хуьлийла цунна) коч шайн ден юьхьа тIе хьаькхча, цуьнан бIаьрса духадеара. ТIаккха уьш берриге а Юсуф (Делера салам хуьлийла цунна) волчу баьхкича, шен да-нана мара а къевлина, цо элира: **«Чоьхьа довла Мисрана, Дала мукъалахь, маьрша а долуш!»** *«Юсуф», 99.*

Шен да-нана паччахьан гIанта тIе охьа а хаийна, уьш цунна суждане бахара. ТIаккха Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«ХIай сан да, хIара ду-кх суна хьалха гинчу гIенан тидар, сан Дала бакъдина иза. Цо суна дика дина, со набахти чуьра араваккхарца, гIум-арара шу схьадалорца а, шайтIано суна а, сан вежаршна а юкъа дов тесначул тIаьхьа. Баккъалла а, сан Дела тIех Къинхетаме ву-кх Шена луучуьнца. Иза хууш верг а ву, хьукма нийса деш верг а ву».** *«Юсуф», 100.*

Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) дуьнен чохь баккхий баланаш лайра, цул тIаьхьа доккхачу дарже а кхечира иза. И дерриг а хьелаш шега кхаьчча, Везчу Деле ша ийманехь а волуш валийтар дийхира цо: **«Сан Дела, баккъалла а, Ахьа паччахьалла а делла суна, Ахьа суна гIенаш тидар а Iамийна. ХIай стигланаш а, латта а Кхоьллинарг! Хьо ву-кх сан доладийриг дуьненахь а, эхартахь а, дIакхалхавехьа со бусалба волуш, дIатохахь со дикчу нахах!»** *«Юсуф», 101.*

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Дена тIехь декхар хилар, шен доьзалшна юккъехь нийсо яр а, царах цхьаберш шена вукхарал алсам безаш хилар хьулдар а (цара вовшашца хьагI лацарна кхерам болу дела).
2. Шена гина долу хаза гIан уггар шена везачунна дийцар а, кхиболчарах хьулдар а пайден хилар.
3. Шега бала кхаьчначу хенахь, Далла тIе болх а биллина, собаре хилар – иза пайхамарийн (Делера салам хуьлийла царна) гIиллакх хилар.
4. Дала Шен гергара нах дIатесна буьтуш цахилар а, уьш бехке цахилар гучудаккхар а, агана чуьра бераш царна тоьшаллина хIиттийна а.
5. Зударийн мекарло йоккха хилар.
6. Баккъалла а, Шех кхоьруш, Шена муьтIахь а болчу наха динчу доIина Дала жоп луш хилар.
7. Дала Ша цхьа къам балица зийча, дуьненахь а, эхартахь а цунна диканца бекхам беш хилар.
8. Муьлхха хьал хIоьттича а, Делан къинхетамах догдиллар цамагар.
9. Дикчу стагана гина долу хаза гIан бакъ хуьлуш хилар.
10. Юсуфа (Делера салам хуьлийла цунна) дехна ма-хиллара бусалба а волуш ша валийтар дехар – иза массо а бусалба нехан декхар хилар.

**Айюб-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Айюб-пайхамар Исхьакъан (Делера салам хуьлийла цаьршинна) тIаьхьенах ву. Вай хьалха ма-дийццара, ИбрахIим-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) ши кIант хилла: ИсмаIил, Исхьакъ а (Делера салам хуьлийла цаьршинна). Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) воцург, берриг а пайхамарш Исхьакъан тIаьхьенах бу. Ткъа вайн пайхамар ИсмаIилан (Делера салам хуьлийла цунна) тIаьхьенах ву. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цуьнан** (ИбрахIиман) **зуьретах** (тIаьхьенах) **ву Давуд а, Сулайман а, Айюб а, Юсуф а, Муса а, ХIарун а».** *«Аль-АнIам», 84.*

Айюб-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Дала халкъе дин кхайкхо вахийтина элча хилла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Оха вахьйу дира хьоьга, Тхаьш Нухье а, цул тIаьхьа баьхкинчу пайхамаршка а вахьйу дарх терра. Иштта Оха вахьйу дира ИбрахIиме а, ИсмаIиле а, Исхьакъе а, ЯIкъубе а, ЯIкъубан тIаьхьене а, Iийсага а, Айюбе а, Юнусе а, ХIаруне а, Сулаймане а. Оха делира Давуде Забур».** *«Ан-Нисаъ», 163.*

Шема махкахь дехаш долчу Хьавран олучу къоме вахийтира Дала иза. Айюб-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна) Дала массо а тайпанара дукха даьхни деллера. Цул совнах шортта латта а, ялхой а, йохк-эцар лелоран даьхни а хилла цуьнан. Дала цунна доьзал беллера: ворхI кIанттий а, ворхI йоIIий а. Доккхачу дегIаха, дика могашалла йолуш, онда стаг хилла Айюб-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна). Цул тIаьхьа Веза-Сийлахьчу Далла лиира балица иза зен, шайга кхаьчначу халонна тIехь собаре хиларехь тIаьхьабогIучу нахана масал хилийтархьама. Уггар хьалха даьхни хIаллакьхилла, къевелира иза. ТIаккха тIаьхье-хьалхе дерриг бераш (ворхI кIант, ворхI йоI а) делла висира иза. Цул тIаьхьа Дала цамгаран балица зийра Айюб (Делера салам хуьлийла цунна). Цуьнан дегIа тIехь могуш меже ца йисира, дог а, мотт а боцург. Оцу берриг а баланашна собаре хилла, Делера ял хиларе сатуьйсуш волуш, дийнахь а, буса а Дела хьехочуьра соцуш ца хилла иза. Цунах цамгар яларна кхоьруш, доттагIий а, гергара нах а цунна тIебогIучуьра севцира. ТIаьххьар а, цуьнан хIусамнана Рахьмат йоцург гIо дан адам ца дисира цунна. БерхIитта шарахь собарх ца вухуш, цамгар лайра цо, цхьаьнненга а балхам ца беш. Цуьнан хIусамнанас Рахьмата цхьана дийнахь элира цуьнга: **«Хьайна дарба дар доьхуш Деле доIа дахьара ахь».** Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) тIаккха зудчуьнга хаьттира, маса шарахь паргIат дехаш Iийна вай, аьлла. Рахьмата жоп делира, 70 шарахь паргIат даьхна вай, аьлла. ТIаккха Айюба (Делера салам хуьлийла цунна)

элира: **«Деле деха эхь хета суна, ас паргІат яьккхинчу хенал кІезиг ма ю цамгар ловш яьккхинарг».**

Дог диллинчу Рахьмата, муьлхачу хене кхаччалц хьега беза хІара бала шега аьлча, оьгІазваханчу Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) Делаца чІагІо йира, Дала ша оцу цамгарх хьалхаваккхахь, бІе гІаж тухур ю ша хьуна, аьлла. Рахьмат болх беш къахьоьгуш хилла, Айюбана (Делера салам хуьлийла цунна) яахІума латторхьама, амма нахана ца лаьара цо шайн кертахь болх бан (цамгар яларна кхоьруш). Цхьана дийнахь, яахІума эца ахча ца хиларна, шен шина кІажарх цхьаъ хада а йина, йоьхкира цо. Цул тІаьхьа масийтта де даьлча, шолгІа кІажар а йоьхкина, Айюбана (Делера салам хуьлийла цунна) яахІума ийцира цо. ХІара яахІума ахь стенах эцна ца дийцахь, ша юур яц и аьлла, Айюб (Делера салам хуьлийла цунна) дуьхьалваьлча, шен коьртара йовлакх дІадаьккхира цо. ТІаккха и хьал шена гича, Деле кхойкхуш доІа дира цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Айюб а хьахаве ахь, шен Деле кхайкхина волу: «Баккъалла а, со балано лаьцна, ткъа Хьо къинхетамечарах уггар Къинхетаме верг ву».** *«Аль-Анбияъ», 83.*

Цхьана дийнахь Рахьмат рицкъа лаха яханчохь хьеелира. Веза-Сийлахьчу Дала Айюбе (Делера салам хуьлийла цунна) вахьйу дира: **«Хьайн ког** (лаьттах) **тоха ахь, хІара, шийла долуш, луьйчу а, молу а хи ду».**

Делан омранна муьтІахь а хилла, Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) лаьттах ког тоьхча, Дала шийла шовда далийтира. Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) и мелча, Делан къинхетамца, цуьнан кийрара цамгарш дІаевлира, иза оцу чохь лийчича, цуьнан дегІа тІехь йолу цамгарш дІаевлира.    Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Дала цунна ялсаманин духар тІедуьйхира, тІаккха иза дехьо ваьлла охьахиира. Цуьнан зуда цига еача, цунна шен хІусамда ца вевзира. Цо элира: «ХІай Делан лай, кхузахь хилла волу цомгуш стаг мича вахана хаьий хьуна? ЖІаьлеша я берзалоша ваьхьна те иза?»** Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга элира тІаккха: **«Дакъаза ма яла хьо, со ца вевза хьуна, со Айюб ма ву!»** Рахьмата элира: **«ХІай Делан лай, хьо сох кхаьрдаш ву?»** Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга элира тІаккха: **«Дакъаза ма яла хьо, со Айюб ву, баккъалла а, Дала суна могашалла юхаелла».** Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Дала цунна даьхни а, доьзал а хьалха ма-хиллара бухабелира, цаьрца цхьана кхин оццул даьхни а, доьзал а белира».** Айюбан (Делера салам хуьлийла цунна) лерам бина ца Іаш, Дала иштта лерам бира и кхобуш бала хьегначу цуьнан хІусамненан а, цунна къоналла юхаяларца. ТІаккха цо Айюбана (Делера салам хуьлийла цунна) 26 кІант вира. Цул тІаьхьа Айюб (Делера салам хуьлийла цунна) Румой махкахь 70 шарахь вехира, ИбрахІим-пайхамаран

(Делера салам хуьлийла цунна) дина тIехь волуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха цунна белира цуьнан доьзал а, цаьрца цхьана уьш саннарш а, Тхайна гергара къинхетам бархьама а, Iибадат дечарна хьехам хилийтархьама а».** *«Аль-Анбияъ», 84.*

Веза-Сийлахьчу Дала цуьнга омра дира: **«Схьаэца хьайн куьйга** (серийн) **цIов, цуьнца тоха, хьайн дуй къар ма бе! Баккъалла а, Тхуна иза собаре волуш карийра. Ма дика лай ву иза. Баккъалла а, иза** (Деле) **воьрзуш верг ву».** *«Сод», 44.*

Цхьаболчу Iеламнаха аьлла, Рахьмата шен ши кIажар хада а йина йоьхкича, оьгIаз а вахана, Айюба (Делера салам хуьлийла цунна) чIагIо йина хилла, ша цунна бIе гIаж тухур ю, аьлла. Везчу Дала, Рахьматах къинхетам беш, бIе сара цхьанабехкий цIов бе, и Рахьматна цкъа тоха (меллаша), хьайн дуй къар ма бе, аьллера цуьнга. ХIара ду-кх, АллахIа Шех кхоьруш, Шена муьтIахь волчунна луш йолчу паргIатонан, балех кIелхьарваларан а масал, къаьсттина, собаре а йолуш, Делера ял хиларе сатуьйсуш йолчу зудчун хьокъехь.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Айюб-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) - Дала халкъе дин кхайкхо вахийтина элча хилар.
2. Дала Шен гергара нах бес-бесара баланашца зуьйш хилар.
3. Шега бала беача, Делан къинхетамах дог ца дуьллуш, собаре хила везаш хилар.
4. Ша паргIатонехь велахь а, халонгахь велахь а Дела дукха хьехо везаш хилар.
5. Шега кхаьчна бала нахе ца балхош, Деле балхо безаш хилар.
6. Баккъалла а, Делах тешаш доIа динчунна, Дала жоп луш хилар.
7. Ша йина чIагIо кхочушъян езаш хилар, Дала хьарам динчу хIуманна тIехь и йина яцахь.

### **Юнус-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Юнус-пайхамар ИбрахIиман (Делера салам хуьлийла цаьршинна) тIаьхьенах ву. Цуьнан ден цIе Матта хилла. Веза-Сийлахьчу Дала Юнус (Делера салам хуьлийла цунна) элча вина вахийтина Iиракъехь йолчу Найнава олучу юьртан охIланна. Шена чохь бIе эзар сов адам дехаш йоккха юрт хилла и. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха вахийтира иза бIе эзарна** (дукха нахана) **тIе я цул сов болчаьрга».** *«Ас-Соффат», 147.*

Ибн Касийра (Дала къинхетам бойла цунах) дийцина, оцу юьртахь дуккха жIараш яра, адамаша царна Iибадат деш, аьлла. Юнуса (Делера салам хуьлийла цунна) масийтта шарахь Веза-Сийлахьчу Далла Iибадат даре кхайкхира уьш. Бакъду, уьш керсталла дечуьра бухабовлуш ца хилла, цара Юнус-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) харцвира. Шайгахь йолчу Iесаллица дозанал тIехбевлла, цунна кхерамаш тийса буьйлабелира уьш, цул хьалха баханчу пайхамаршна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхерамаш тийсарх терра. ТIаккха Юнус (Делера салам хуьлийла цунна) оьгIаз а вахана, царна юкъара дIавахара. Цо царна чIагIо йира, кхо де даьлча цаьрга Делера Iазап кхочур ду аьлла. Делера пурба доцуш, шен къам дитина, хIорда йисте вахара Юнус (Делера салам хуьлийла цунна). Стиглахь Iаьржа мархаш гучуевлира, ткъес детта а доладелира. Юьртан охIланна хиира, Юнуса (Делера салам хуьлийла цунна) чIагIо йина долу Iазап шайна тIе досса герга дуйла. Дала царна дагатесира тоба а дина Шега берзар. ТIаккха уьш берриге а цхьана майданахь гулбелира. Деле ийман диллина, Цунна хьастабелла, кхаа дийнахь боьлхуш, шайна гечдар дийхира цара. ТIаккха Везчу Дала Шен къинхетамца царна тIедан кечделла долу Iазап дIаайбира. Цундела Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь боху: **«Ийман диллина цхьа а юрт хиллий ткъа, цуьнан иймано цунна пайда а беш, Юнусан къам доцург? Цара ийман диллича, Оха дIаайбира царах дуьненан дахарехь сийсазаллин Iазап, Оха дика а хьегийтира цаьрга цхьа хан тIекхаччалц».** *«Юнус», 98.*

Юнусна (Делера салам хуьлийла цунна) шен къомах хилларг хууш дацара. Дала дина омра а доцуш, иза адамех доьттинчу хIордкемана тIехиира. Кема дехьо даьлча, хIорд ловзабаьлла, уьш хIаллакьхила гергабахара. Кема дайдархьама, цунна тIера маххьаш хIорда чу кхиссира цара, амма и дайлуш дацара. ТIаккха шайна юкъахь кхаж таса барт бира цара, кхаж баьлларг хIорда чу кхуссур волуш. Дуьххьарлера кхаж Юнус-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна) белира, амма царна и хIорда чу кхосса ца лиира. ШозлагIа а, кхоазлагIа кхаж тесира, тIаккха а Юнусан (Делера салам хуьлийла цунна) кхаж белира. Цара иза хIорда чу кхоьссича, хIорд карзахбаьллачуьра сецира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, Юнус элчанех ма ву. Иза ведира** (шен къомах) **дуьззинчу кемана тIехь. Кхаж тасарехь дакъа лецира цо – иза эшначарах хилира** (шен цIарца кхаж баьлла)**. И кхаьллира боккхачу чIеро, бехк боккху хIума цо дар бахьана долуш».** *«Ас-Соффат», 139-142.*

Веза-Сийлахьчу Дала оцу чIере омра дира, цуьнан жижиг ма даа, цуьнан даьIахкаш ма кегъе, иза хьан рицкъа дац, аьлла. Юнус-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) оцу чIеран кийрахь шовзткъа дийнахь

лаьттира. Ша чIеран кийрахь волчу хенахь, цунна хезира хIорда чохь долчу Iаламо Далла деш долу тасбихь. Иштта Дала цунна дагатесира Шена тасбихь дар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Боданашкахь волуш** (Деле) **кхайкхира иза: «Ла́ ила́хIа илла́ Анта, субхьа́нака, инни́ кунту миназ-зо́лими́н** (Хьо воцург кхин Дела вац, Хьоьца там боцчух цIена ву-кх Хьо, со хилла-кх зулам диначарах)**».** *«Аль-Анбияъ», 87.*

Делера пурба а доцуш, шен къам а дитина дIавахар бахьана долуш кхаьчна цуьнга и хьал. Юнуса (Делера салам хуьлийла цунна) юх-юха а тасбихь дира: **«Ла́ ила́хIа илла́ Анта, субхьа́нака, инни́ кунту миназ-зо́лими́н»,** – ша олуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха цунна жоп делира, иза сингаттамах кIелхьарваьккхира, иштта кIелхьарбоху Оха муъмин нах».** *«Аль-Анбияъ», 88.*

Веза-Сийлахьчу Дала Юнуса (Делера салам хуьлийла цунна) дечу доIина жоп делча, оцу чIеро хIорда йисте а беана, шен кийрара охьатесира иза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, иза тасбихь дечарах ца хиллехьара, вуьсур ма вара цуьнан кийрахь, уьш духадендечу** (къемат) **дийне кхаччалц. Оха иза охьатесира есачу аренга, иза цомгуш а волуш. Оха далийтира цунна туьтен** (гIабакхан) **дитт».** *«Ас-Соффат», 143-146.*

ГIабакхан дитт хIунда хаьржина Дала? Iеламнаха жоп делла: **«Дала и хаьржина, цуьнан даккхий гIаш а, хаза хьожа а йолу дела, цунна герга сагалматаш** (насекомые) **ца йоьлху а дела».** Дала цунна тIе Iуьйранна а, суьйранна а газа йохуьйтуш хилла, цуьнан шура молуш и хене валийтархьама. Цунна гIоли хилча, Дала иза юха а шен къоме дин кхайкхадан вахийтира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха вахийтира иза бIе эзарна** (дуккха нахана) **тIе я цул сов болчаьрга. Цара ийман диллира, тIаккха Оха дика хьегийтира цаьрга цхьа хан тIекхаччалц».** *«Ас-Софффат», 147-148.*

ХIокху дийцарехь боккха хьехам а, тергам а бу, Делан къинхетамах дог ца дуьллуш нах нийсачу новкъа бохуш къахьега дезаш хиларна тIехь. Имам Бухарис хьадис далийна, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьанне лена товш дац ша алар: «Со Маттан кIантал Юнусал дика ву».**

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Юнус-пайхамар ИбрахIиман (Делера салам хуьлийла цаьршинна) тIаьхьенах волуш, веза пайхамар хилар.
2. Пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) харцбинчу, Iесаллехь дозанал тIехбевллачу нахана тIе Дала Iазап доссош хилар.

3. Шайгара дийлинчу къиношна дохко а бевлла, тоба дина, Шега бирзинчарна Дала гечдеш хилар.
4. Юнус-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) кхаьчна болу сингаттам – Делера пурба доцуш, шен къам дIатесна и дIавахар бахьанехь кхаьчна хилар.
5. ***«Ла́ ила́хIа илла́ Анта, субхьа́нака, инни́ кунту миназ-зо́лими́н»*** деза тасбихь хилар.
6. Дала кхоьллина мел долу халкъ Цунна тасбихь деш хилар.
7. Ша кхоьллина халкъ Дала рицкъа ца луш тесна дуьтуш цахилар.
8. Делан къинхетамах дог ца дуьллуш, нах нийсачу новкъа бохуш вай массара къахьега дезаш хилар.

**Муса-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьахаве жайни чохь Муса. Баккъалла а, иза вара** (Дала Iибадат дарехь) **догцIена, иза вара элча а, пайхамар а».** *«Марьям», 51.*

Къуръана чохь Муса-пайхамарх (Делера салам хуьлийла цунна) лаьцна дуьйцуш 73 сов меттиг ю. Цуьнан ден цIе Iимран хилла, ЯIкъубан (Делера салам хуьлийла цунна) тIаьхьенах ша хилла волу. Юсуф-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа Мисарахь долу хьал хийцаделира. Дела цхьаъвеш болу паччахьаш дIабевллачул тIаьхьа, МусIабан кIант Валийд цIе йолу къиза ФирIавн (паччахь) коьрте веара Мисарахь. Керсталла дарехь дозанал тIехваьлла, ша Дела ву бохуш харц дов дан хIоьттира иза. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ФирIавна элира: «ХIай элий! Суна ца хаьа шуна со воцург** (кхин) **Дела».** *«Аль-Къасас», 38.* Кхечу аятехь деана: **«Цо** (ФирIавна) **элира: «Со ву шун лакхара Дела!»** *«Ан-НазиIат», 24.*

Мисарахь долу къаьмнаш тобанашка дийкъира цо. Уггар чIогIа цо сийсазбинарш Исраилан доьзалш (ЯIкъуб-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) тIаьхьенах болу нах) бара. Царах шена а, шен тайпанах долчу къибтIийн къомана а бацон леш бинера цо. Цхьана буса ФирIавнна гIан дайра, Къудусера (Иерусалимера) еанчу цIаро Мисарахь болчу къибтийн цIенош дагош, Исраилан доьзалшна зен а ца деш. Ша самаваьлча, ша-шена гергабинчу нахе и гIан тида, элира цо. Цара цунна жоп делира, Исраилан доьзалшна юккъехь цхьа божабер дуьнен чу дер ду, и бахьанехь хьоьгара паччахьалла дIадер ду, хьо хIаллак а хир ву, аьлла. ТIаккха ФирIавна омра дира, Исраилан доьзалшна юккъехь дуьнен чу мел долучу божаберана урс

хьакха, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, ФирIавна куралла йира латта тIехь, цигарчу нахах тобанаш йира цо, Царах цхьаболчарна гIело еш, ша церан божабераш дойуш, церан зударий бухабуьтуш. Баккъалла а, иза вара бохамаш бечарах».** *«Аль-Къасас», 4.*

Къибтийн къомах болчу наха балхам бира ФирIавне, божабераш дайар бахьанехь Исраилан доьзалш кхачош бу аьлла. Болх иштта дIабодахь, вайна бацон нах хир бац, элира цара. ТIаккха ФирIавна омра дира, цхьана шарахь дина бераш дайа, вукха шарахь динарш дийна дита, аьлла. Iимранан хIусамнана доьзалхочух яра, Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) шен кийрахь волуш. ФирIавна юхьарлаьцнарг шена хиъча, цIа чуьра ара ца йолуш, ша доьзалхочух хилар хьулдира цо. ФирIавна арабаьхна белхалой бара, Исраилан доьзалшна юккъехь дуьнен чу девлла божабераш дойуш. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Дала ларвира, и дуьнен чу волуш ФирIавнан белхалошна ца хиира. Мусан (Делера салам хуьлийла цунна) нанна Дала дагатесира, бер тIорказ чу а диллина, чуханца и тIорказ цIийнан оганах дIа а тесна, и тIорказ хи чу таса, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха дагатесира Мусан нанна, вакхаве иза, аьлла. Хьо цунна** (Мусана бохам хиларх) **кхераелча, ахьа кхосса иза хIорда чу, кхера ма кхера, са ма гатде – Оха хьуна вухаверзор ву иза, элча а вийр ву цунах».** *«Аль-Къасас», 7.*

Цхьана дийнахь иза вакхо араяьлча, чуха хада а хаьдда, тIорказ хиэ даьхьна карийра цунна. ФирIавнан гIала Нил хина йистехь яра. ТIорказ цунна улло кхаьчча, цара иза хи чуьра схьаийцира. ФирIавнан зудчо Асета тIорказ даьстича, юьхьа тIехь пайхамараллин нур лепаш бер гира цунна. ТIевеанчу ФирIавна, шена и бер гича, цунна урс хьакха, аьлла, омра дира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ФирIавнан зудчо элира: «Суна а, хьуна а бIаьрган хазахетар ду-кх** (хIара бер)**! Ма ве иза, вайна пайда бан мега цо я цунах вайн доьзалхо вийр ву вай».** *«Аль-Къасас», 9.*

ФирIавна элира тIаккха: **«Хьан бIаьргана хазахетар ду иза, суна дац».** Мусан (Делера салам хуьлийла цунна) нана дог бIарзделла Iуьйренга елира. Иза шен кIант вуй хаийта герга хилира иза, амма Дала цуьнан дог собарца чIагIдира. Цо шен йоI яхийтира цунна тIаьхьа ладогIа. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха хьарам бира цунна и вакхон зударий хьалха. ТIаккха цо** (Мусан йишас) **элира: «Аса тIенисдай шу, иза шуна кхобур волчу цIийнан охIланна, уьш цуьнга доггах хьовсур болуш».** *«Аль-Къасас», 12.*

ТIаккха уьш и бер дохьуш цуьнан нана йолчу баьхкира, цхьаннех ца векхаш хилла волу Муса (Делера салам хуьлийла цунна) шен ненах вакха волавелира. Асета цуьнга дехар дира, и бер дакхош ша йолчу хIусамехь Iе,

аьлла. Мусан (Делера салам хуьлийла цунна) нанас шен хIусамда а, бераш а ду, и бер шен хIусамехь кхабийта шега, элира. Асет реза хилира, цо цунна мах а белира бер дакхорна. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ТIаккха Оха вухаверзийра иза шен нене, цуьнан бIаьргана синтем хилийта а, и гIайгIане ца хилийта а, Делан ваIда** (чIагIо) **бакъ хилар цунна хаийтархьама а, делахь а царах дукхахберш хууш бац».** *«Аль-Къасас», 13.*

Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) берхIитта шо кхаьчча, Дала цунна хьекъал а, Iилма а делира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза** (Муса) **гIеметтахIоьттина чIагIвелча, Оха цунна делира кхетам а, Iилма а. Иштта бекхам бо Оха дикадечарна».** *«Аль-Къасас», 14.*

Цхьана дийнахь Муса-пайхамарна (Делера салам хуьлийла цунна) вовшех леташ ши стаг гира, царах цхьаъ хIокхуьнан тайпанах (Исраилан доьзалех), важа – хIокхуьнан мостагIех (ФирIавнан тайпанах) волуш. ХIокхуьнан тайпанах волчо шена гIо дар дийхира цуьнга. ОьгIазваханчу Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) тоьхча, ФирIавнан тайпанах верг велира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Мусас) **элира: «ХIара шайтIанан балхах ду. Баккъалла а, иза билггал тилавеш мостагI ду».** *«Аль-Къасас», 15.*

Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) шена гечдар дийхира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Мусас хьаставелла Деле) **элира: «Сан Дела, аса сайн дегIана зулам дина, гечдехьа суна». Цо цунна гечдира. Баккъалла а, Иза Гечдийриг а, Къинхетаме верг а ву».** *«Аль-Къасас», 16.*

Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) Деле чIагIо йира: **«Цо элира: «Сан Дела, Ахьа суна ниIмат далар бахьана долуш, сох цкъа а хир ма вац къинош дечарна гIоьнча».** *«Аль-Къасас», 17.*

КъибтIий валар сихонца даьржира, тIаккха ФирIавна сацам бира, иза вен веза, аьлла. ФирIавнан тайпанах волу цхьа стаг ведда Муса (Делера салам хуьлийла цунна) волчу веара. Цо цуьнга Мисарара дIавала, ФирIавна а, цуьнан тобано а хьо вен барт бина, элира. ТIаккха Муса (Делера салам хуьлийла цунна), ФирIавнан тоба шена тIекхиарна кхоьруш, Мисарара араваьлла, Палестинехь йолчу Мадйан шахьара вахара. Цо Деле доIа деш, элира: **«Сан Дела, кIелхьарваккхахь со зуламечу къомах».** *«Аль-Къасас», 21.*

Мадйанан хинан коьрте кхаьчча, цунна цигахь цхьа нах карийра, эмкалшна а, уьстагIашна а хи малош. Гена йоццуш лаьтташ ши йоI гира цунна, нах шайн даьхнина хи малийна бовллалц ладоьгIуш. Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) цаьршиннан уьстагIашна хи малийра. Оцу шина йоIа шайн дега ШуIайбе (Делера салам хуьлийла цунна) иза дийцича, Муса (Делера салам хуьлийла цунна) шена тIе схьакхайкхийтира цо. Цо Мусага

(Делера салам хуьлийла цунна) шен шина йоIах цхьаъ маре елира, бархI я итт шарахь цо шен уьстагIий дажорна тIехь цуьнца барт а бира. Ша барт бина хан чекхъяьлча, Мисара дIаваха сацам бира Мусас (Делера салам хуьлийла цунна). ТIур олучу лома тIе и кхаьчча, Дела кхайкхира цуьнга: **«ХIай Муса! Баккъалла а, Со АллахI ву, Iаламийн Дела».** *«Аль-Къасас», 30.*

Дала цунна дIахаийтира, Ша иза Исраилан доьзалшка пайхамар вина вохуьйтуш хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аса хьо хаьржина – ладогIа, хаам беш дуьйцучуьнга. Баккъалла а, Со Дела ву, кхин дела вац, Со воцург, Суна Iибадат де, ламаз а хIоттаде, Со хьахош».** *«ТIа-хIа», 13-14.*

Мусана (Делера салам хуьлийла цунна) Дала билгалонаш елира, и пайхамар хилар тоьшалла деш йолу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«И хIун ю хьан аьтту куьйгахь ерг, хIай Муса?» Цо** (Мусас) **элира: «И сан Iаса ю, со цунна тIетевжа, аса цуьнца сан жана гIаш дегадо, суна цуьнгахь кхин пайданаш а бу». Цо** (Дала) **элира: «Охьатаса и, хIай Муса!» Цо и охьатесира, цунах чехка текхаш лаьхьа хилира». Дала элира: «Схьаэца и, ма кхера! Шен хьалхалеррачу куьце ерзор ю и Оха. Хьайн куьг хьайн агIонна тIетаIаде – кIайделла схьадер ду иза, цхьа зен а доцуш – кхин билгало ю хьуна!»** *«ТIа-хIа», 17-22.*

Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) ФирIавн а, Мисарара бахархой а Дела цхьаъваре кхайкхира. Бакъду, ФирIавна къобал ца бира цуьнан кхайкхам, цо деанарг бозбуунчалла ду, элира цо. Цул тIаьхьа цо омра дира, Мусана (Делера салам хуьлийла цунна) дуьхьалбаха Мисарахь мел болу бозбуунчалла лелораш гулбе, аьлла. Цхьана дийнахь йоккхачу майданахь гулбелира нах. ФирIавнан саьхьарлончаша шайн Iасанаш, чуханаш а охьатесча, нахана моьттира царах текхаргаш хилла. Дала Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) вахьйу дира, хьайн карара Iаса охьатаса, аьлла. Цо и охьатесча, цунах йоккха текхарг хилира, цо церан кегий текхаргаш йиира. И тамашийна болх шайна гича, саьхьарлончаша ийман диллира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Бозбуунчалла лелийнарш суждане охьаийгира. Цара элира: «Оха ийман дилли ХIарунан а, Мусан а Деле».** *«ТIа-хIа», 70.*

Шегара пурба а доцуш ийман диллина аьлла, ФирIавна уьш ирхъохка сацам бира. Цул тIаьхьа Везчу Дала шен пайхамаре Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) омра дира, Исраилан доьзалш эций буьйсанна Мисарара аравала, аьлла. Iуьйранна ФирIавн шен эскарца тIаьхьавелира царна. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) шен къомаца хIорда йисте кхаьчча, Исраилан доьзалш кхерабелира ФирIавн шайна тIекхиарна. Везчу Дала Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) омра дира, хьайн Iаса хIордах тоха, аьлла. Цо хIордах Iаса тоьхча, Дала хIорд бекъабалийтира царна. Исраилан

доьзалш хIордах дехьабовлуш гича, ФирIавн шен эскарца тIаьхьавелира царна. Муса а (Делера салам хуьлийла цунна), цуьнца цхьаьнаберш а дехьабевлча, Дала хIорд тIеттIабахийтира, ФирIавн а, цуьнан эскар а хIаллакдира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха хIордал дехьабехира Исраилан доьзалш** (и бекъа а бекъна)**. ФирIавн а, цуьнан эскар а тIаьхьаделира царна зуламна а, мостагIаллийна а. Ша хIорда бухаваха воьлча, цо** (ФирIавна) **элира: «Со тийши кхин Дела цахиларх, Шех Исраилан доьзалш тешнарг бен, со муьтIахь болчарах** (бусулба нахах) **ву-кх».** (Цуьнга элира тIаккха): **«ХIинца** (ийман дуьллу ахь)**? Хьалха-м, баккъалла а, Iеса ма хилира хьо, бохамаш бечарах а ма вара хьо! Тахана Оха кIелхьардоккхур ду хьан дегI, хьол тIаьхьа богIучарна хьо тергам хилийтархьама. Баккъалла а, нахах дукхахберш Тхан аятех гIопал хилла ма бу».** *«Юнус», 90-92.*

Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Исраилан доьзалшца хIордах дехьаваьлча, жIарашна Iибадат дечу нахана тIекхечира уьш. Исраилан доьзалша Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) дехар дира, цара санна Iибадат дан шайна дела вехьа, аьлла. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) царна оьгIазвахара, цо царна хьехам бира, АллахI воцчунна Iибадат дан мегаш дац, аьлла. Цо царна дагадаийтира, Дала уьш Iилманца а, шарIаца а, царна юкъара элча ваийтарца а шайн заманахь долчу Iаламал базбина хилар. Цул совнаха, ФирIавнах кIелхьарбахарца, церан бIаьргашна а гуш и хIаллакварца а, церан бахамах ирс эцийтарца а Дала царна дика дина хилар дийцира цо царна. Веза-Сийлахьчу Дала Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) чIагIо йира, шовзткъа де даьллачул тIаьхьа ТIур олучу лома тIехь Ша цуьнга жайна (Таврат) лур ду, аьлла. Шен ваша ХIарун (Делера салам хуьлийла цунна) Исраилан доьзалшна тIехь Iуналла дан а витина, Муса (Делера салам хуьлийла цунна) Делаца къамел дан вахча, Самирий бохучу стага шайгахь долу дети а, деши а лалийна, цунах эса дира, шена чухула мох бахча, дека а декаш. Цунна Iибадат дан буьйлабелира уьш. Муса (Делера салам хуьлийла цунна) ломана тIекхаьчча, Дала цуьнга элира, хьайн къам дитина, сихвелла хIунда веана хьо, аьлла. Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) жоп делира, уьш шен лорах тIаьхьабогIуш бу, Хьо резаварх ьама сихвелира со Хьан омра кхочушдан, аьлла. ТIаккха Дала цунна дийцира, Исраилан доьзалш эсана Iибадат деш тилабелла хилар. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) сихонца шен къоме вухавахара, тиларх уьш хьалхабахархьама. Шен бIаьргашна уьш эсана Iибадат деш гича, оьгIазвахана, шен аьрру куьйгаца ХIарунан (Делера салам хуьлийла цунна) маж лаьцна, аьтту куьйгаца цуьнан коьртан месаш а лаьцна, цунна дов дан волавелира иза. Бакъду, ХIаруна (Делера салам хуьлийла цунна) дийцира

цунна, эсана Iибадат ма де аьлла ша хьехам бича, царах цхьаболчара бен и къобал ца бира, тIаккха Исраилан доьзалшна юккъехь питана даларх, уьш бекъабаларх а кхеравелла, сецира ша, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Мусас) **элира: «Сан Дела! Гечдехьа суна а, сан вешина а, Хьайн къинхетам бехьа тхоьх. Хьо ву-кх уггар Къинхетаме верг».** *«Аль-АIраф», 151.*

Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Исраилан доьзалша шена Iибадат дина эса лала а дина, хIорда чу кхоьссира. Кхетам болчу нахана хиира, эсана Iибадат дарца шаьш галдевлла хилар. Цара Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) дехар дира, шайна гечдар доьхуш Деле доIа дехьа, аьлла. Царна юккъера кхузткъе итт стаг а хаьржина, Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Деле царна гечдар деха вахара. Везчу Дала омра дира, шен тоба къобал хила лууш волчо ша-шен дегI ден деза, аьлла. Царах цхьаболчара шайн догIмаш дайира, тIаккха Дала церан тоба къобалдира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мусас шен къоме аьлла хан хьахае: «ХIай сан къам, аша шайна зулам дина, эса** (Iибадат дан) **лацар бахьанехь. Тоба де шаьш Кхоьллинчуьнга, тIаккха шаьш дайа, и дика ду шуна шаьш Кхоьллинчунна гергахь. ТIаккха Цо** (Дала) **шун тоба къобал дира, баккъалла а, И ма ву тоба къобалдийриг а, къинхетаме верг а».** *«Аль-Бакъарат», 54.*

Цул тIаьхьа Везчу Дала Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) омра дира, Исраилан доьзалшца Шемахь йолчу Иерусалиме гIо, аьлла. Оцу заманахь цигахь дехаш къиза къам дара, даккхий догIмаш а, боккха ницкъ а болуш. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) шен къоме оцу чу гIо, тIамца и гIала схьаяьккха, аьлла, омра дира. Ялх бIе эзар болчу Исраилан доьзалшна юккъехь Иерусалим схьайоккхуш тIом бан реза верг ца карийра цунна, шен ваша ХIарун (Делера салам хуьлийла цунна), кхин ши стаг а воцург. Цара цу чохь цхьа нуьцкъала къам ду, уьш арабовллалц шаьш цу чу гIур дац, элира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара элира: «ХIай Муса! Баккъалла а, тхо цу** (шахьар) **чу гIур ма дац цкъа а, уьш цу чохь мел бу. Вало хьо а, хьан Дела а, ашшимма тIом бе** (цаьрца)**, тхо кхузахь хевшина Iийр ду».** *«Аль-Маидат», 24.*

Везчу Дала хаам бира, царна иза (Иерусалим, Палестина) хьарам ю шовзткъа шарахь, эрна аренгахь хьере а хилла лелар бу уьш, аьлла. Шовзткъа шарахь аренгахула буьйлабелла лийлира уьш, масийтта дийнахь некъ бинчул тIаьхьа хьалха шаьш хиллачу меттиге схьа а кхочуш.

Оцу аренгахь шен къам хьагделча, Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Деле царна мала хи дийхира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мусас** (Деле) **шен къомана мала хи дехна хан хьахае. ТIаккха Оха**

**элира: «Ахь тоха хьайн Iаса тIулгах». ТIаккха цунах хьадира шийтта шовда. Массо нахана хиира шайн-шайна хи молу меттиг».** *«Аль-Бакъарат», 60.*

Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къомана юккъехь шийтта тайпа дара, цундела хIора тайпанан цIарах Дала шовда далийтира. Цунах терра Дала царна кхин дуккха а ниIматаш делира. Аренгахь дIабоьлхуш уьш бохбелча, Дала царна марха яхийтира, IиндагI деш. Иштта Дала шен-шен рожехь царна манна (мерза хьовла), салва (дерстина олхазарш) олуш долу даар доссош дара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха шуна** (IиндагI деш) **марха яийтира, манна а, салва а** (даар) **доссийра шуна, оха шайна деллачу рицкъанах даа шайна цIена дерг».** *«Аль-Бакъарат», 57.*

Бакъду, цара и сийдолу даар сийсазчух хийцира. Цара Мусага (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Муса, оха тоам бийр ма бац цхьана кепара юучух. Хьайн Деле дехахь, лаьтта тIехь кхуьуш дерг тхуна далийта, алий».** *«Аль-Бакъарат», 61.*

ТIаккха Дала оцу ниIматах дIахадийра уьш, цара шайна динчу диканна пусар цадар бахьана долуш.

Муса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) къомана юккъехь цхьа воккха стаг хиллера, дуккха даьхни долуш, шен доьзал а боцуш. Цуьнан вешин бераш иза валаре сатуьйсуш хилла, цуьнан бахамах ирс эцархьама. Царах цхьамма буса вен а вийна, некъа йисте охьатесира иза, шех дегабаам ца хилийтархьама. Иза вийнарг мила ву ца хууш хьере хиллачу наха Муса-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) дехар дира, Хьайн Деле цунах лаций хаттахь, аьлла. Мусас (Делера салам хуьлийла цунна) Везчу Деле цунах лаьцна хаьттича, Дала цаьрга аьттана урс хьакха, элира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Мусас шен къоме аьлла хан хьахае: «Баккъалла а, АллахIа омра до шуьга аьттана урс хьакха, аьлла». Цара элира: «Хьо кхаьрдаш ву тхох?» Цо** (Мусас) **элира: «АллахIа ларвойла со жехIил нахах хиларх». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, и хIун етт бу тхуна билгалбе, алий». Цо элира: «Цо** (Дала) **боху: «И етт бу, къена а боцуш, жима а боцуш, юккъерчу барамехь, шайга омра дийриг кхочушде». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, цуьнан бос хIун бу тхуна билгалде, алий». Цо элира: «Цо** (Дала) **боху: «И етт бу, сирла-можачу басахь, шега хьоьжуш берш цецбохуш». Цара элира: «Хьайн Деле дехахь, билгалде тхуна, и муха бу, алий. Баккъалла а, бежанаш вовшех тера хета тхуна. Тхо, АллахIна лаахь, цунна тIенислур ма ду». Цо элира: «Цо** (Дала) **боху: «И етт бу, латта охуш я хи дуьллуш дIабоьжна боцуш, сакхтах цIена болуш, шена тIехь кхин бос боцуш». Цара элира: «ХIинца бакъдерг дийци ахьа». ТIаккха цара цунна урс хьаькхира, уьш герга ца хилира**

**шаьш и дан».** *«Аль-Бакъарат», 67-71.*

ТIаккха Дала омра дира, оцу аьттан цхьа дакъа веллачух тоха аьлла. Цара и тоьхча, велларг денвелира. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна), хьо вийнарг мила ву, аьлла, хаьттира цуьнга. Цо жоп делира, ша вийнарг шен вешин кIант хьенех ву, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(Хьахаде цаьрга): **«Аша адам дийра, цу тIехь вовшашца девне девлира шу, АллахI ма ву аша хьулдеш дерг гучудоккхуш».** *«Аль-Бакъарат», 72.*

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Цара муьлхха етт схьа а лаьцна, цунна урс хьаькхна хиллехьара, царна лууш дерг кхочуш хир ма дара. Бакъду, цара шайна даздира** (хеттарш деш)**, тIаккха Дала а царна даздира** (и етт карабарехь)**».**

Цул тIаьхьа, оцу шовзткъа шара чохь ХIарун (Делера салам хуьлийла цунна) кхелхира, цара иза аренгахь дIа а воьллира. Иза кхелхина ши шо даьллачул тIаьхьа Муса а (Делера салам хуьлийла цунна) кхелхира. Муса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Деле дехна хиллера, шен кхалхар Иерусалимана уллохь хилийтахьара аьлла. Дала цуьнан дехарна жоп делира, веллачул тIаьхьа цара иза Аль-Акъса олучу маьждигна уллохь дIавоьллира.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) – шен къам ФирIавнах кIелхьардаккха Дала ваийтина элча хилар.
2. ФирIавн, ша Дела ву бохуш харц дов деш, керсталла дарехь дозанал тIехваьлла, Делан луьра мостагI хилар.
3. Везчу Дала Шен лешна йина чIагIо кхочушъеш хилар.
4. ОьгIазвахар – адам тилош долчу шайтIанан балхах хилар.
5. Шегара даьллачу къинна дохко а ваьлла, Далла хьаста а велла шена гечдар дехначунна Дала гечдеш хилар.
6. Зуламхочунна а, Iеса хIума деш волчунна а гIо дан дезаш цахилар.
7. Шена тIе кхераме хьал хIоьттича, Деле доIа дан дезаш хилар.
8. Iаламаш кхоьллинчу Дала Муса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), юкъарлонча а воцуш, Шеца къамел дарца вазвина хилар.
9. ХIаллакьхиларна гергавахча диллина долу айман Дала къобалдеш цахилар.
10. Шайга ваийтинчу пайхамарна муьтIахь цахиллачарна Дала Iазап луш хилар.
11. Ша деллачу ниIматана шукра ца деш берш Дала оцу ниIматах дIахадош хилар.
12. Бехкбоцу стаг вийнарг я кхечу кепара нахана зулам динарг Дала къайла ца вохуьйтуш, гучувоккхуш хилар.

**Іийса-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Маликаша** (Жабраил-малико) **аьлла хан хьахае: «ХІай Маръям, баккъалла а, АллахІа хаьржина хьо, Цо цІанйина хьо, Цо хаьржина хьо** (цу заман) **Іаламийн зударшлахь. ХІай Маръям, хьайн Далла муьтІахь хиларна тІехь латталахь, сужуд а де, рукуІе боьлхучаьрца рукуІе а гІо** (ламаз дечаьрца ламаз де)**».** *«Алу Іимран», 42-43.*

Іийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) нана Маръям Далла Іибадат дечу хенахь жима хилла. Дала Жабраил-малик (Делера салам хуьлийла цунна) дахийтира и йолчу, хаза юьхь-сибат долчу стеган куьцахь. Цо цуьнга кхаъ баьккхира, хьуна цІена кІант вала ваийтина Делан геланча ву ша, аьлла. Жабраил-малико (Делера салам хуьлийла цунна) Маръяман кучан чета Іаь туьйхира, цунах бахьана хІоьттина Маръям доьзалхочух хилира (боьрша стаг улло вахана а воцуш). Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Маликаша** (Жабраил-малико) **аьлла хан хьахае: «ХІай Маръям, баккъалла а, АллахІа кхаъ боккху хьоьга Шегара Дашца, цуьнан цІе «Масихь» – Маръяман кІант Іийса ю, ша дуьненахь а, эхартахь а сийдолуш волуш, ша** (Дала) **гергабинчарах а волуш. Нахе вистхир ву иза агана чохь а, гІеметта хІоьттича а, дикачу нахах а хир ву иза. Цо** (Маръяма) **элира: «Сан Дела! Муха хир ву сан кІант, сох** (цхьа а) **стаг хьакхавелла а ца хилча?» Цо** (Дала) **элира: «Иштта АллахІа кхуллу Шена** (кхолла) **луург. Шена цхьа болх лиъча, Цо олу цуьнга: «Хила!» – тІакха и хуьлу. Цо цунна** (Іийсана) **Іамор ду йоза, хьикмат а, Таврат а, Инжийл а».** *«Алу Іимран», 45-48.*

Цул тІаьхьа Вифлеем йолчу агІор дІаяхара иза, новкъахь цунна доьзалхочух йолчунна хуьлуш долу лазарш хааделира. ТІаккха иза гІайгІане а йолуш, дакъаделлачу хурманан дитта кІел яхара, цигахь Іийса (Делера салам хуьлийла цунна) дуьнен чу а велира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Иза** (Жабраил-малик) **цуьнга кхайкхира** (хурманан диттан) **кІелара: «Хьо гІайгІане ма хила, Хьан Дала хьуна хьалха** (хин) **татол хилийтина. Хьайна тІе ластаде хурманан диттан га, цо егор ю хьуна мадъелла тІеда хурманаш. Ахь яа, мала а мала, хьайн дог паргІат а даккха. Хьайна нахах цхьаъ гича, ахь ала: «Ас чІагІо йина Къинхетаме волчунна марха кхаба, тахана адаме йист хир йолуш ма яц со». ТІаккха и яхара цуьнца** (Іийсаца) **шен нах болчу,** (шен карахь) **ша и хьуш, цара элира: «ХІай Маръям, ма тамашийна хІума дина ахь! ХІай ХІарунах тера ерг** (Іибадат

дарехь)! **Хьан да вуон стаг ма вацара, хьан нана ма яцара харц некъ лелош». Цо ишар йира цунна** (Іийсана) **тІе. Цара элира: «Тхо муха дистхир ду агана чохь долчу бере?» Цо** (Іийсас) **элира: «Со АллахІан лай ву, Цо соьга жайна а делла, Цо сох пайхамар а вина. Цо со беркате а вина, со миччахь велахь. Цо соьга весет дина, ламаз де, закат ло, аьлла, – со дийна мел ву.** (Цо со вина) **сайн нанна муьтІахь, Цо сох ца вина къиза а, дакъазваьлларг а. Маршо ю суна** (Делера) **со дуьнен чу ваьллачу дийнахь, со лийр волчу дийнахь а, со юха денвийр волчу дийнахь а!»** *«Маръям», 24-33.*

Бакъду, наха къобал ца дира шайна гина Іаламат, цара агана чуьра бер дистхилар бозбуунчаллех ду, элира. Оцу заманахь марха кхабарна юкъадогІуш хилла вист ца хилар а, яахІума ца яар а. Бакъду, вайн шариІатехь марха кхобучунна мегаш дац сарралц вист ца хуьлуш Іар.

Цул тІаьхьа Іийсас (Делера салам хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, АллахІ – сан Дела а, шун Дела а ву, Цунна Іибадат де аш. ХІара бу нийса некъ».** *«Маръям», 36.*

Вифлеем олучу шахьарахь кхиира Іийса (Делера салам хуьлийла цунна). Ша агана чохь волуш вистхиллачул тІаьхьа, берашна мотт Іемачу хене валлалц вистхилла вац иза. Цул тІаьхьа Дала хьекъал а, говза мотт а белира цунна. Бакъду, цуьнгахь долу делилаш къобал ца дира жуьгташа, бехк боцчу Маръямана тІехь харц цІе а кхоьллира цара. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара керсталла дар бахьанехь, цара Маръямна тІехь чІогІа харц цІе кхуллуш аьлла долу дош бахьанехь а** (неІалт аьлла царна). *«Ан-Нисаъ», 156.*

Іийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) ворхІ шо кхаьчча, цуьнан нанас Іилма Іамадайта дІавелира иза. Дала цунна тамашийна белхаш гойтуш хилла. Шеца ловзуш долчу берашна цо дуьйцуш хилла, церан наноша царна дІайиллинчу юучу хІуманах лаьцна. ТІаккха жуьгтий кхерабелира, и бер бахьанехь шайгара харцо гучуяларна а, шаьш даржах дохарна а. Къайлах Іийса (Делера салам хуьлийла цунна) вен барт бира цара. Дала Маръямана дагатесира, шен кІантаца Иерусалиме дІаяха еза ша, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха хилийтира Маръяман кІантах а, цуьнан ненах а билгало. Оха и шиъ даха хаийра, шовда а долчу айъаеллачу меттигехь».** *«Аль-Муъминун», 50.*

Іийсан (Делера салам хуьлийла цунна) 30 шо кхаьчча, Дала цуьнга Инжийл а, пайхамаралла а делира. ТІаккха Іийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна), Делан пурбанца, шен халкъ дине кхайкха волавелира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Царна тІаьххье Маръяман кІант Іийса вахийтира Оха, шел хьалха хилла долу Таврат бакъдеш. Оха цуьнга Инжийл**

**делира, шегахь нийса некъ а, нур а долуш, шел хьалха хилла Таврат ша бакъдеш долу, ша нийса некъ а, Делах кхоьруш болчарна хьехам а хилла долу».** *«Аль-Маидат», 46.*

Дала хIора пайхамарна луш долу Iаламат – оцу заманахь бехачу нехан хьоле а, лазаме а хьаьжжина луш хилла. Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) заманахь бIаьрса доцуш бераш дуьнен чу довлар а, лоьрашка дарба ца далуш йолу барс (проказа) олу цамгар а яьржина хиллера. Оцу цамгаршна дарба дора Iийсас (Делера салам хуьлийла цунна), Делан пурбанца. БIаьрса доцчун юьхьа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан бIаьрса схьадогIура, барс олу цамгар йолчун дегIа тIе цо куьг хьаькхча, цуьнан цамгар дIайолура. Цул совнах, веллачун коша тIе а вахана, цо доIа дича, Делан пурбанца, велларг денлора. Веза-Сийлахьчу Дала боху: «(Дала иза) **Исраилан доьзалшка элча вина вохуьйтур ву.** (Цо эр ду): **«Баккъалла а, со веана шуьга шун Делера билгалонца, ас поппарх кхуллур ду шуна олхазаран суьртах тераниг, цунна чу хIуп эр ду ас – АллахIан пурбанца олхазар хир ду цунах, ас дарба дийр ду бIаьрса доцчунна а, барс** (проказа) **цамгар йолчунна а, белларш а денбийр бу ас, АллахIан пурбанца, ас дуьйцур ду шуна аша юучух а, аша шайн цIеношкахь дIаюьллуш йолчух а лаьцна. Баккъалла а, оцу балхехь билгало ю шуна, шу Делах тешаш делахь».** *«Алу Iимран», 49.*

И даккхий Iаламаташ, билгалонаш а шайн бIаьрга гича а, кIеззиг болчу наха бен ийман ца диллира цуьнга. Бакъду, царах дукхахберш шайн керсталлехь а, тиларна чохь а чIагIбелира. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Исраилан доьзалшка вахийтина тIаьххьара пайхамар ву. Цхьана дийнахь хьехам беш, шел тIаьхьа вогIур волчу пайхамаран цIе а, цуьнан куьцаш а дуьйцуш шен къоме кхаъ баьккхира цо. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Марьяман кIанта Iийсас аьлла хан хьахае: «ХIай Исраилан доьзалш! Баккъалла а, со шуьга ваийтина Делан Элча ву, сол хьалха хилла Таврат бакъдеш а, Ахьмад** (Мухьаммад) **цIе йолуш сол тIаьхьа вогIур волчу элчанца кхаъ боккхуш а».** *«Ас-Софф», 6.*

Шена тIаьхьахIиттинчаьрга, кхаа дийнахь марха кхаба аьлла, омра дира Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна); шийтта стаг вара уьш. Шаьш марханаш кхаьбна бевлча, цара цуьнга дехар дира, чохь даар долуш шун доссадехьа шайна стиглара аьлла. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) царна хьехам бира, Дала шуна и ниIмат делча, аш дан мадеззара шукра ца дарна кхоьру ша, аьлла. Цара и дехар ца дитича, Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Деле доIа дира, церан дехар кхочушдар доьхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Хьаварийюнаша** (Iийсана тIаьхьахIиттина апостолш) **аьлла хан хьахае: «ХIай Марьяман кIант**

**Іийса, хьан Делан ницкъ кхочур барий тхуна стиглара шун доссо?» Цо элира: «Делах кхера шу, шаьш ийман диллина делахь». Цара элира: «Тхуна лаьа цу чуьра хІума яа, тхайн дегнаш паргІатдаха а, хьо тхоьга бакълийна хилар тхуна хаа а, оцу тІехь тхо тоьшалла дечарах хила а». Марьяман кІанта Іийсас элира: «Йа АллахІ – тхан Дела, стиглара шун доссадехьа тхуна, цунах тхуна – тхан хьалхарачарна а, тхан тІаьхьарчарна – Іийд** (дезде) **а, Хьоьгара билгало а хир йолуш. Тхуна рицкъа а лохьа, рицкъа лучарах уггар диканиг ма ву Хьо». Дала элира: «Ас доссор ду шуна и** (даарх дуьззина шун)**. Цул тІаьхьа шух керсталла динчунна чІогІа Іазап лур ду Ас, Іаламехь Айса цхьаннена ца деллачу кепара».** *«Аль-Маидат», 112-115.*

ТІаккха Везчу Дала стиглара шун доссийра царна, уьш цуьнга хьоьжуш а болуш. И герга мел хуьлу, Іийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) Деле доьхуш хилла, Іазап ца доссош, къинхетам боссабехьа цуьнца бохуш. Іийсана (Делера салам хуьлийла цунна) хьалхха и сецча, цунна тІе тесна гата дІадаьккхира цо, ша олуш: **«Бисмилла́хІи хойрир-ро́зикъи́н** (рицкъа лучарах уггар диканиг Волчу АллахІан цІарца)**».** Оцу чохь ворхІ чІара а, ворхІ хьокхам а хилла. Іийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) оцу чуьра даар даа, аьлла, шайга омра дича, цара жоп делира, ахь хьалха диъча бен дуур дац шаьш, аьлла. ТІаккха Іийсас (Делера салам хуьлийла цунна) къечаьрга а, балехь болчаьрга а, цомгушчаьрга а омра дира – цхьа эзар кхо бІе гергга хилла уьш. Цара и даар диъча, цомгуш берш тобелира, балехь берш паргІатбевлира, меца берш буьзира. Дала царна хІора дийнахь доссош хилла и шун, цара массара оцу чуьра даар дууш а хилла. Бакъду, шайна деллачу ниІматна шукра ца дира цара, и бахьанехь дІахадийра царах и дика. ТІаьхьа-хьалха и дакхий Іаламаташ гучудевлча, жуьгтийн тхьамданаш шайгара дарж дІадаларна кхерабелира. Мотт-эладита эцна, оцу заманахь волчу паччахьна тІе бахара уьш, Іийса (Делера салам хуьлийла цунна) хьо даржах вохон гІерташ ву, аьлла. ТІаккха оцу паччахьа Іийса (Делера салам хуьлийла цунна) схьалаца эскархой бахийтира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Іийсас шена цаьргара керсталла хааделча, элира: «Сан гІоьнчий муьлш бу Делан динан гІодарехь?» Хьаварийюнаша** (Іийсана тІаьхьахІиттина апостолш) **элира: «Тхо ду Делан** (динан) **гІоьнчий, Делах тешна тхо, ахьа тоьшалла де тхо муьтІахь дерш** (бусулбанаш) **ду, алий. Тхан Дела! Ахьа доссийначух тешна-кх тхо,** (Хьан) **элчанна** (Іийсана) **тІаьхьдаьзна-кх тхо – Ахьа дІаязде тхо тоьшалла динчаьрца».** *«Алу Іимран», 52-53.*

Іийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дин кхайкхо волавелла кхо шо даьллачул тІаьхьа, и вен барт бира жуьгташа. Везчу Далла

Іийса (Делера салам хуьлийла цунна) стигала хьалаваккха лиъначу хенахь, шен асхьабашна тІевахара иза. Вай хьалха ма-аллара, шийтта стаг хилла уьш. Цо цаьрга элира: **«Мила ву шух сох тарвала реза хинверг, тІаккха иза сан меттана вуьйр волуш, соьца цхьаьна хир вара иза** (ялсаманехь)**?»** Царна юккъера цхьа жима стаг хьалагІаьттира, амма Іийсас (Делера салам хуьлийла цунна) иза охьахаийра, и массарел жима волу дела. Цул тІаьхьа юха а хаттар дира цо цаьрга, цхьа а реза ца хилира, и жима стаг воцург. ТІаккха Іийсас (Делера салам хуьлийла цунна) цуьнга элира: **«Хьо хир ву сох тера».** Цуьнан куц а, юьхь-сибат а хийцаделира, иза Іийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) куьце вирзира. Іийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) церан бІаьргашна а гуш, тховх долчу коьрехула хьалаваьккхина, стигала хьалавигира. Иза лоьхуш баьхкинчу жуьгташа цунах тера верг схьалаьцна, тІаккха иза вен а вийна, хьостамашца жІарах дІатуьйхира. Іийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Дала стигала хьалавигначул тІаьхьа, кхаа декъе бекъабелира нах. Цхьана тобано иза Дела ву, вукха тобано – иза Делан кІант ву, элира. Оцу шина тобано керсталла дира. Дела цхьаъвеш болчу нехан тобано - иза Делан лай а, Цуьнан элча а ву, элира. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дала аьлла хан хьахае: «ХІай Іийса, Ас хьо дІаоьцур ву** (дийна а волуш)**, стигал хьалавоккхур а ву, хьо дІацІанвийр а ву керсталла динчарах, хьуна тІаьхьабаьзнарш керсталла динчарна тІехула бийр бу Ас къематде даллац. ТІаккха Соьга ду шун дерзар, Аса кхиэл йийр ю шуна юккъехь, шун барт боьхна долчу хІуманна тІехь».** *«Алу Імран», 55.*

И жима стаг Іийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) ву моьттуш шаьш вийначул тІаьхьа, шекбевлира жуьгтий. Цара вовшашка элира: **«Вай вийнарг Іийса велахь – хІокхера накъост мичахь ву, вай вийнарг хІокхера накъост велахь – тІаккха Іийса мичахь ву?»** Цуьнан бисина асхьабаш дийна битира цара, шаьш уьш байича нах шайна дуьхьалбовларх кхийрина. Цул тІаьхьа, ши бІе шовзткъа шарахь, къайлах, Дела цхьаъ варан дине нах кхойкхуш лийлира Іийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) асхьабаш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цара аларна: «Баккъалла а, оха вийна «Масихь» – Маръяман кІант Іийса, Делан элча волу» -** (неІалт аьлла царна)**. Цара вийна вац иза я жІарах дІатоьхна а вац иза, бакъду, царна** (Іийсах) **тарвина** (шаьш вийнарг)**».** *«Ан-Нисаъ», 157.*

Дукхахболчу Іеламнаха, Іийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) стигала хьалавоккхучу хенахь ткъе кхойтта шо дара, аьлла. Къематде дан герга деача, Дала лаьтта тІе охьавоссор волуш ву иза. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь билгалдина, шовзткъа шарахь лаьтта тІехь вехар ву иза, аьлла. Цо Даджал (антихрист) вуьйр ву,

жIараш кегийир ю, хьакхарчий йойур ю, налогаш дIайохур ю, бусалба дин доцург - кхидолу динаш а дIадохур ду. Цул тIаьхьа и дIакхелхар ву, бусалба наха цунна докъан ламаз а дина, Пайхамарна а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан шина асхьабана – Абубакарна а, Iумарна а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) уллохь дIавуллур ву. Къематдийнахь Дала Iийса-пайхамаре (Делера салам хуьлийла цунна) хоттур долуш ду, цуьнан къоме бехк боккхуш. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дала эр долу хан хьахае: «ХIай Маръяман кIант Iийса, ахь аьллерий нахе хьох а, хьайн ненах а шиъ Дела вина лаца, АллахI витий?». Цо эр ду: «Хьо цIанво ас** (Хьоьца там боцчух)**, суна там болуш ма дац сайн бакъо йоцург ас ала. Ас и аьлла хилча – Хьуна и хууш хир дара. Хьо хууш ма ву соьгахь дерг, ткъа со хууш вац Хьоьгахь дерг. Баккъалла а, Хьо ву къайленаш хууш верг. Ас цаьрга аьлла дац Ахь соьга омра динарг а бен: «АллахIна Iибадат де аш, сан Дела а, шун Дела а волчу». Со царна тIехь теш вара, царна юккъехь со мел ву, Ахь со дIаэцначул тIаьхьа Хьо ву-кх цара мел лелийнарг хууш верг. Хьо массо хIуманна тIехь теш Ву».** *«Аль-Маидат», 116-117.*

Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа ялх бIешо хан елира, дин кхайкхо пайхамар ца вогIуш. Цул тIаьхьа, Iаламах къинхетам беш, вайн элча волу Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ваийтира Веза-Сийлахьчу Дала.

**ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг**

1. Веза-Сийлахьчу Дала Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) нана Маръям Iаламийн зударел язйина хилар.
2. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) тIехь да воцуш кхолларца а, агана чохь волуш нахе вистхилийтарца а Дала вазвина хилар.
3. АллахIа Шена цхьа болх хилийта лиъча, цуьнга – хьо хила – аьлла омра деш хилар, тIаккха и болх хуьлуш хилар.
4. Iийса-пайхамаран (Делера салам хуьлийла цунна) заманахь, сарралц вист ца хуьлуш Iар, марха кхабарна юкъадогIуш хилар.
5. Дала хIора пайхамарна Ша луш долу Iаламат – оцу заманахь бехачу нехан хьоле а, лазаме а хьаьжжина луш хилар.
6. Iийса-пайхамара шел тIаьхьа вогIур волчу Мухьаммад-пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цаьршинна) цIе а, цуьнан куьцаш а дуьйцуш, шен къоме кхаъ баьккхина хилар.
7. Ша цхьа болх болочу хенахь, Делан цIарца боло безаш хилар.
8. Дала шайна деллачу ниIматна адамаша шукра ца дича, царах и ниIмат дIахадош хилар.

9. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) Веза-Сийлахьчу Дала стигала хьалаваьккхина а, юха ланьтта тIе охьавоссор волуш а, дийна хилар.
10. Дала мел бахкийтинчу пайхамарша (Делера салам-маршалла хуьлийла царна), шайга омра динарг а бен шайн къоме аьлла цахилар.
11. Iийса-пайхамар (Делера салам хуьлийла цунна) лаьтта тIе охьавоссор – къематдийнан билгалонех цхьа билгало хилар.
12. Iийса-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) ша лаьтта тIе воссийначул тIаьхьа, кхидолу динаш дIа а даьхна, бусалба дин толор долуш хилар.

**Мухьаммад-пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, шуна ма дара Делан Элчанехь хаза хилла долу масал, ша АллахIах а, ТIаьхьарчу** (къемат) **дийнах а кхоьруш волчунна а, Дела дукха хьехош волчунна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

**Вайн Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **сийлахь долу тайпа**

Иза Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву, IабдуллахIан кIант. IабдуллахIан да Iабдуль-МуттIалиб ву, цуьнан да ХIашим ву. Цуьнан тайпа кхочу вайн эла хилла волчу ИсмаIиле – ИбрахIиман кIанте, цаьршинна а, вайн Пайхамарна а Делера салам-маршалла хуьлийла. Цуьнан нана: Аминат ю, ВахIбан йоI.

Сийлахь волу Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дуьнен чу велира «Пийл (слон)» олучу шарахь, хаза а, сийлахь а гIиллакхаш долчу, Iарбашна юкъахь уггаре сийлахь йолчу хIусамехь. И дара рабиIуль аввал беттан оршотан дийнахь (христианийн (рузманца) шоIарца – 571-чу шарахь). Иза дуьнен чу волучу хенахь схьаэцнарг – Iавфан кIентан Iабдуррохьманан нана Аш-Шифаъ ю.

Оцу шарна пийл аьлла цIе тилларан бахьана хIун дара аьлча, хьабашойн махкарчу АбрахIат цIе йолчу паччахьна лиъэнера Макка тIамца схьаяьккха а, КаIбат дохон а. Оцу шарахь доккха эскар а кечдина, оцу эскарна хьалха йоккха пийл а хIоттийна, Макка йолчу агIонхьа новкъаваьллера иза. Бакъду, АллахIа ларийира и Макка, Цо тобанашкахь олхазарш дахийтира царна тIе, чIагIбеллачу поппаран вагош долу тIулгаш

эскарна кхуьссуйтуш. Оцу балхо уьш (эскархой) бира, нIаьнеша диънaчу ялтанан буьртигех терра.

### Вакхавар

Уггар хьалха Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхийнарг – цуьнан нана Аминат ю. Цо иза цхьана деношкахь вакхийра, цул тIаьхьа и вакхийра цуьнан девешин Абу-ЛахIабан лай хилла йолчу Сувайбата.

Iарбийн Iадат хилла шайн бераш аренга дIадуьгуьйтуш. Цигахь уьш дакхош а, дика кхиош а хилла, ткъа аренгахь хилар – беран могашаллина а, хьекъална а, меттан говзалла кхиорна а дика хилла. Бану СаIд олу тайпа хилла бераш дакхорехь, кхиорехь а гIарадаьлла девзаш. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхийнарг – ассаIдийн тайпана йолу Хьалимат ю. Баккъалла а, и Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вакхо йолаелчхьана, Дала цунна беркат дира шен рицкъанах. Хьалиматна и Iаламат чIогIа дукхавийзира, цо иза вуно лерина лар а вира. Деа шарахь гергга вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) иза йолчехь Iийра.

### Кхиар

Вай Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьалакхиира ша буобер а долуш. Цуьнан да IабдуллахI дIакхелхинера, иза шен ненан кийрахь а волуш. Аренгахь вакхош-кхиош волчуьра ша цIа валийначул тIаьхьа, шен ненан Iуналлица а, шен дедас Iабдуль-МуттIалиба доладарца а кхиира иза. Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йолхалгIачу шарчохь волуш, Делан кхел леларца, цуьнан нана Аминат дIакхелхира, цул тIаьхьа дукха хан ялале (кIентан 8 шо долуш) цуьнан деда Iабдуль-МуттIалиб дIакхелхира. Оцу балхо массо агIор буобер дира цунах, тIаккха цуьнан девашас Абу ТIолиба кхебира иза. Цунна шен берел а чIогIа дукхавийзира иза, цуьнан хенара болчаьргахь карор доцу хаза куьцаш а, яарехь-маларехь, къамелехь, охьахаарехь-гIаттарехь а цуьнгахь долу оьзда гIиллакхаш бахьанехь.

### Болх

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара, ша шен куьйга даьккхина рицкъа дууш. Ша жима волчу хенахь, йолах Маккин охIланна жа дажийра цо. ТIаккха, иза воккха хиллачу хенахь, Хадижата шеца совдегаралла лело аравалар дийхира цуьнга. Цо цунна чIагIо йира, ша

кхиболчу божаршна луш долчул алсам даьхни лур ду хьуна, аьлла. ТӀаккха вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) и гӀуллакх шен девеше Абу ТӀолибе хьахийра, ткъа иза реза хилира кӀанта и болх барехь.

Новкъа дӀасавоьдучу хенахь, вайн Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) накъост – Хадижатан лай Майсарат вара. Хьалха цкъа а яьккхина йоцчу барамехь йоккха са а яьккхина, вухавеара и шиъ Хадижат йолчу.

**ХӀусамнана ялор**

Вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен 25 шо кхаьчначу хенахь, евзаш а, хьекъале а, сийлахь а йолу Хувайлидан йоӀ Хадижат ялийра. Хадижатан 40 шо хилла оцу дийнахь. Йохк-эцар лело иза шеца араваьллачу хенахь, Хадижата чӀогӀа тамаша бинера и бакълуьйш, тешаме хиларан а, цуьнан гӀиллакхийн а. Хадижатца захало дийцира Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнан девашас Абу ТӀолиба. ТӀаккха Дала цунна Хадижатах доьзал белира: кӀентий а, йоӀарий а.

**Бераш** (доьзал)

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхӀ доьзалхо вара: кхо кӀант, йиъ йоӀ.

**КӀентий:**

1) Къасим. Мухьаммаде (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) пайхамаралла доссале хьалха дуьнен чу ваьлла иза, дӀакхелхина шен ши шо долуш.

2) ӀабдуллахӀ. Цуьнга пайхамаралла доьссинчул тӀаьхьа дуьнен чу ваьлла иза, цунна цӀе тиллинера ТӀоййиб (Диканиг), ТӀахӀир (ЦӀенаниг), аьлла, иза а дӀакхелхира жима волуш.

3) ИбрахӀим. ХӀижрат дина борхӀалгӀачу шарахь Мадинатахь дуьнен чу ваьлла иза, дӀакхелхина шен ши шо а кхачале.

**ЙоӀарий:**

1) Зайнаб.

2) Рукъаййат.

3) Умму-Кульсум.

4) ФатӀимат.

Церан дуьнен чу бовларан рогӀалла: Къасим, Зайнаб, Рукъаййат, Умму-Кульсум, ФатӀимат, ӀабдуллахӀ, ИбрахӀим. Уьш берриге, ИбрахӀим воцург, Хадижата бина бу, ткъа иза КъибтӀий йолчу Марийатан кӀант ву.

Уьш берриш Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьалха дӀакхелхира, ФатӀимат йоцург, ткъа иза Пайхамарал (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тӀаьхьа ялх баттахь ехира.
Хадижат дӀакхелхинчул тӀаьхьа, Делан омранца Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) кхин хӀусамнаной балийра (Дела реза хуьлийла царна массарна):
1) Совдат, ЗамӀатан йоӀ.
2) Ӏаишат, Абу Бакар Сыддикъан йоӀ.
3) Хьафсат, Ӏумаран йоӀ.
4) Зайнаб, Хузайматан йоӀ.
5) Умму-Саламат (ХӀинд), Абу Умаййатан йоӀ.
6) Зайнаб, Джахьшан йоӀ.
7) Умму-Хьабибат (Рамлат), Абу Суфйанан йоӀ.
8) Джувайрийат, Хьарисан йоӀ.
9) Софиййат, Хьуйаййан йоӀ.
10) Маймунат, Хьарисан йоӀ.
11) Марииййат, ШамӀунан йоӀ.

## Девежарий а, дейижарий а

Цхьайтта деваша вара Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), царах ву ийман диллина волу Ӏаббас а, Хьамзат а (Дела реза хуьлийла цаьршинна), царах ийман дилланза волу Абу ТӀолиб а, Абу ЛахӀаб а ву. Цуьнан ялх дейиша яра, царах цхьамма – Софиййата (Дела реза хуьлийла цунна) – ийман диллинера.

## Пайхамаралла доссале хьалха лелийнарг

Мухьаммадан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дахар сийлахь, лераме дара, цуьнга пайхамаралла доссале хьалха дуьйна а. Баккъалла а, Дала ларвира иза (жима волуш) ца кхеташ болчу нехан вуонах: цкъа а жӀарашна сужда дина дац цо, я малар ца мелла, цо дитина наха деш долу хӀуманаш: самукъадаккхар, шовкъе (азартные) ловзарш. Нахалахь иза вара, нах шех теша а тешаш, ша царна тешаме а волуш, цуьнан сибаташца гуш дара и бакъ хилар а, цо бакъдерг дуьйцуш хилар а, цундела наха цунна цӀе а тиллира, ***«бакълуьйш, тешаме верг»*** аьлла. Иза вара гергарлонаш хуьттуш, мискачех, таро йоцчу нахах къахеташ, царна гӀо деш а. Дала, жехӀил наха леточу къинойх лар а веш, хьалакхиийра иза.

## Пайхамаралла доссале жимма хьалхо

Шега пайхамаралла доссале хьалха Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вара, ша нахана юккъера дІа а ваьлла, ша Кхоьллинчуьнга (Деле) а вирзина, цхьалха Іар лууш. Макки чохь йолчу «Хьираъ» олучу хьеха а воьдий, Далла Іибадат деш Іара иза буьйсанашкахь. Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна) яра цунна оцу балха тІехь – кхача кечбарца а, кхидолчу оьшучу хІуманца а гІо деш.
Вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дІа ма ца велира оцу хьехахь Далла Іибадат дечуьра, Веза-Сийлахьчу АллахІа шега пайхамаралла даллац. ТІаккха мархин баттахь цуьнга вахьйу (пайхамар хилар билгал а доккхуш, Жабраил-малико бина хаам) доьссира. Цул тІаьхьа оцу хьехахь Іибадат деш Іийра иза.

## Пайхамаралла доссар

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен сийлахь йолчу хенах шовзткъа шаре ваьллачу хенахь, Жабраил-малик доьссира цуьнга, иза оцу ломан хьехахь а волуш. ТІаккха цо чІогІа мара къевлира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цо цуьнга элира: **«Деша!»** ТІаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Со деша хууш вац!»** Иза дух-духа далийра цаьршиммо, цул тІаьхьа Жабраила элира Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна): **«Деша хьайн Делан цІарца, массо хІума кхоьллина волчу! Адам кхоьллина цо дуькъачу цІийх. Деша, хьан Дела тІех Сийлахь ву, Ша къолам-йоза Іамийна волу. Цо Іамийна-кх адамна цунна цахууш дерг».** *«Аль-Іалакъ», 1-5.*

Къуръанах дуьххьара доьссинарг и аяташ дара, тІаккха Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вухавирзира шен хІусаме, кийрахь дог детталуш а долуш, ша олуш волуш: **«ТІе хІума таса суна, тІе хІума таса суна».** Цул тІаьхьа, вахьйу ца догІуш, дикка хан елира.

ТІаккха АллахІа доссийра цуьнга хІара аяташ: **«ХІай бедаршца дІахьулвелларг, хьо хьалагІатта, ахь (халкъана) кхерам таса…»** *«Аль-Муддассир», 1-2.*

Иштта Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тІедиллина омра дара и – нах иймане кхайкха, аьлла: АллахІе, Ша цхьаъ волчу, Шеца накъост воцчу; ша ийман диллинчуьнга ялсаманица кхаъ боккхуш, я ша ийман ца диллинчуьнга Делан Іазапца кхерам луш.

## Иймане кхайкхар

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волавелира нах иймане кхайкха, Шеца накъост воцуш, Ша цхьаъ волчу АллахIна Iибадат де, жIарашна Iибадат дар Iаддита, аьлла. Цуьнан кхайкхар дара юьхьанца къайлах.

Дуьххьара, шен цIийнан охIлане, шен накъосташка, гергарчу нахе кхойкхуш, волавелира иза, иштта кхо шо даьллачул тIаьхьа, Дала омра дира цуьнга, хьайга омра дийриг гучадаккха, аьлла. ТIаккха хIара аят доьссира: **«Ахь гуччохь кхайкхаде хьайга омра дийриг, хьо дIахьовза керста нахах…»** *«Аль-Хьижр», 94.*

Оцу хенахь керста наха харцвира Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цунна а, цуьнан асхьабашна а зен дира цара. Кхойтта шарахь Макки чохь цо нахе иймане кхойкхучу хенахь цхьакIеззиг болчара бен цуьнца ийман ца диллира.

## Хьалха ийман диллинарш:

Божарех: Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна).
Зударех: Хадижат (Дела реза хуьлийла цунна).
Берех: Абу ТIолибан кIант Iела (Дела реза хуьлийла цунна).
Маьрша битинчу лех: Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) маьрша витина волу Хьарисан кIант Зайд (Дела реза хуьлийла цунна).
Лех: Билал Хьабаший (Дела реза хуьлийла цунна).

## ХIижрат дар

Бусалба нахана бала базбеллачу хенахь, керста наха царна деш долу зенаш совдевлча, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра дира цаьрга, Хьабашойн махка (Эфиопе) хIижрат де (дIагIо), цигахь Нажаший (Асхьамат) бохуш, нийсо еш паччахь ву, аьлла. Бусалба нах Хьабашойн махка дIакхаьчначу хенахь, паччахьо церан лерам беш, керста нахах уьш лар а беш, дика тIелецира уьш. Нажашис бусалба дин тIеийцира, цо вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бакъвира, Делера веана Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву аьлла.

Пайхамаралла доьссина кхойтта шо даьлча, керста наха еш йолу новкъарлонаш а, уьш Делан некъах бухабеттар а чIагIделлачу хенахь, Дала цунна а, цуьнан асхьабашна а Маккара Мадинате хIижрат дан (дIабаха) пурба делира. Мадинатан охIлано везаш тIеийцира иза. Мадинатахь маьждиг догIарца дIаболийра цо бусалба пачхьалкх дIахIотторан болх. Цо мухIажирашна а (Маккара арабевлла схьабаьхкинарш), ансарашна а (бухахь, Мадинатахь берш) юккъехь вежаралла тесира. Оцу заманчохь Мадинатара

дуккха нах иймане а баьхкина, бусалба дин даьржира оцу нуьре йолчу Мадинатахь.

## ГIайгIане шо

Вайн Мухьаммад (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) пайхамар вина ваийтина уьтталгIа шо долуш, цунна гIо деш а, массо хIуманах и ларвеш а волу цуьнан деваша Абу ТIолиб дIакхелхира. Иза дIакхелхинчул тIаьхьа, керста наха Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) даккхий зенаш дира. Оцу шарахь дIакхелхира цуьнан хIусамнана Хадижат, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) массо хIуманна тIехь ша гIо деш хилла йолу. Баккъалла а, зударшлахь тIех сийлахь а, еза а йолчу Хадижатах къастар бахьанехь Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) чIогIа гIайгIане хилира.

## Маккара Байтуль-Макъдисе вигар, стигала хьалаваккхар

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIайгIанаш-баланаш чIагIбеллачу хенахь, цуьнан болх байбеш, аттачу боккхуш а, къинхетаме волчу АллахIа Шен даккхий муIжизаташ гайтира цунна. Буьйсанна Маккахь долчу коьртачу маьждигера Байтуль-Макъдисера маьждиге а валийна, цул тIаьхьа ворхIе стигланал лакха хьалаваьккхира иза. Баккъалла а, оцу буьйсанна фарз ламаз тIедиллира цунна, цул тIаьхьа Жабраил-малико (Делера салам хуьлийла цунна) ламазан куьцаш а, хенаш а Iамийра цунна.

## **Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **тайпанаш дине кхайкхар**

Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iарбойн тайпанашна Ислам довзийта а, уьш АллахIна Iибадат даре кхайкха а волавелира, кIорда а ца деш я кIадвалар а доцуш. Бакъду, нуьре йолчу Мадинатан охIлано бен, кхин царах цхьаммо а цунна жоп ца делира (цуьнца йиман ца диллира). Баккъалла, йиман дилларехь сихояран сийлалла царна (Мадинатан охIланна) хилира, Мадинатахь болчу жуьгташа дуьйцуш шайна хазарна, тIаьххьарчу заманан пайхамар гучувала герга ву, бохуш. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уьш иймане кхайкхича, цара цуьнан къамелах тамаша бира, Дала церан дегнаш чу ийман а доссийра.

## Коьрта гIазоташ

### Бадрунгахь дина гIазот

ХIижрат дина шолгIачу шарахь, мархин баттахь, бусалба нахана а, къурайшех болчу керста нахана а юккъехь гIазотан тIом хилира. Бусалба нехан эскарехь кхо бIе кхойтта стаг вара, шайца ши говр а, кхузткъе итт эмкал а йолуш. Керста нехан эскарехь исс бIе шовзткъе итт стаг вара, шайца бIе говр а, ворхI бIе эмкал а йолуш. Оцу тIамехь бусалба наха толам баьккхира, цара керста нахах кхузткъе итт стаг вийра, кхин кхузткъе итт стаг йийсаре а валийра. Бусалба нахах вейтта стаг гIазотехь кхелхира, царах ялх – мухIажирех, бархI – ансарех а волуш.

**Ухьудехь дина гIазот**

ХIижрат дина кхоалгIачу шарахь, шавваль баттахь, цхьана агIор бусалба нах, вукху агIор къурайшаш а, цаьрца бертахь болу нах а болуш, гIазотан тIом хилира. Бусалба нехан эскарехь ворхI бIе стаг вара. Керста нах кхо эзар вара, шайца кхо эзар эмкал а, ши бIе говр а йолуш. Пхерчий кхуьссуш болчара Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) омра кхочуш ца дар бахьана долуш, бусалба нехан толам иэшаре бирзира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цаьрга омра динера, тIеман чаккхе мухха хилахь а, шу шайн меттера меттах ма довлалаш, аьлла. Цигахь бусалба нахах кхузткъе итт стаг гIазотехь кхелхира, царах виъ – мухIажирех, бисинарш – ансарех а болуш. Ткъа керста нахах цигахь вийнарг ткъа стаг ву.

**Ахьзабехь дина гIазот** (Хандакъ)

ХIижрат дина пхоьалгIа шарахь, шавваль баттахь, цхьана агIор бусалба нах, вукху агIор къурайшаш а, цаьрца бертахь болу жуьгтий а болуш, гIазотан тIом хилира. Керста нах итт эзар вара, бусалба нах кхо эзар бен вацара. Мадинатна аьрру агIор, шайний, керста наханий юккъехь (хандакъ) саьнгар яьккхира бусалба наха. ЦIеххьана оцу саьнгарна тIе нисбелча, цунах дехьабовла ницкъ ца кхечира керста нехан. Иштта оцу Ахьзабан эскарш духадевлира, бусалба нахе Дала оцу тIамехь толам а баккхийтира.

**Хайбарехь дина гIазот**

ХIижрат дина ворхIалгIачу шарахь дара иза. Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шеца бусалба нахах цхьа эзар ялх бIе стаг а, ши бIе говр а йолуш аравелира. Цара го бира Хайбар гIаларчу жуьгтийн гIопана (крепость). Оцу гIазотехь цара жуьгтех везткъе кхойтта стаг вийра. Бусалба нахах пхийтта стаг гIазотехь кхелхира.

**Муътатехь дина гIазот**

ХIижрат дина борхIалгIачу шарахь, жумадуль-ула бохучу баттахь дара иза. Хьалхаваьлла Хьарисан кIант Зайд волуш, бусалба нахах кхо эзар стаг Шема агIонгахьа аравелира. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цаьрга омра дира: **«Нагахь санна Зайдега валар кхачахь, Абу ТIолибан кIант ЖаIфар хьалхавер ву, цуьнга а валар кхачахь, Равахьатан кIант IабдуллахI хьалхавер ву».**

Керста нехан эскарехь Румера схьавеана бIе эзар стаг, царна гIо деш Iарбийх кхин цхьа бIе эзар стаг а вара. Эскарна хьалхаваьлла волу кхо асхьаб оцу гIазотехь кхелхира, тIаккха Ха́лид бин Вали́д шайна хьалхаваьккхира цара. Массийтта дийнахь тIом бинчул тIаьхьа, цуьнан ницкъ кхечира эскар эцна вухавала.

**Макка йоккхуш дина гIазот**

ХIижрат дина борхIалгIачу шарахь Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Макки чу вахара, и схьаяккхира цо. Оцу чуьра жIараш йохийра цо. Нах тобанашкахь Делан дине баьхкира. Цунна дуьхьало ца йира цигахь цхьажимма бен.

**Табукехь дина гIазот**

ХIижрат дина уьссалгIачу шарахь, ражаб баттахь, ткъе итт эзар сов болчу бусалба нехан эскарца вайн Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аравелира румошца (византийцы, греки) тIом бан. Уьш Табуке дIакхаьчначу хенахь, дуьхьало еш цхьа стаг ца карийра царна. Бусалба нехан эскар догIуш дуй оцу румошна хиъначу хенахь, цара хаьржира Шема махка юхабовлар, тIаккха шайн гIопа чохь шаьш ларбалар. Вайн Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ца гира царна тIаьхьа ваха бахьана.

**Вайн Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хьаж, Iумрат дар**

Вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цкъа хьаж дина (иза ду Iодика еш хьаждар), доьазза Iумрат а дина.

**Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **муIжизаташ**

Пайхамарца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хилла долу Iаламаташ эзарнашкахь ду, царах тIех билгал долуш, коьртаниг – Сийлахь долу Къуръан ду. Даима хир долу Iаламат ду иза, мел заманаш дIаэхархь говза

нах а, похIма долу нах а гIорасиз хуьлуш и саннарг дало. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала** (хIай Пайхамар)**: «Адамаш а, жинаш а гулделча хIокху Къуръанах тераниг дан, дийр дацара цара цунах тераниг, царах цхьаберш вукхарна гIоьнчий хилча а».** *«Аль-Исраъ», 88.*

**Кхидолу муIжизаташ:**

– Ши дакъа хуьлуш, Маккахь Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бутт бекъабалар.
– Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) куьйган пIелгаш юккъера хи хьаладалар, цуьнан эскаро и хи мала а молуш, цул тIаьхьа цара ламаз а оьцуш.
– КIеззиг йолчу яахIуманах дуккха хилар, иза (Хандакъ гIазотехь и болх хиларх терра) дуккха а халкъо яа а юуш.
– Маликан кIанта Суракъата (Дела реза хуьлийла цунна) паччахьан духар тIедухур ду аьлла, къайлах дерг дийцар.

**ГIарабевлла болу асхьабаш** (шаьш нийса хилла болу халифаш)

1) Абу Къухьафатан кIант Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна). Цуьнан цIе IабдуллахI хилла.
2) ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна).
3) Iаффанан кIант Iусман (Дела реза хуьлийла цунна).
4) Абу ТIолибан кIант Iела (Дела реза хуьлийла цунна).

**Шайга ялсаманица кхаъ баьккхинарш**

Баккъалла а, вайн Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен масех асхьабе (Дела реза хуьлийла царна) ялсаманица кхаъ баьккхина. Оцу кхаъ баьккхинчарах хIара итт ву-кх:

1) Абу Бакар Сыддикъ (Дела реза хуьлийла цунна).
2) ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна).
3) Iаффанан кIант Iусман (Дела реза хуьлийла цунна).
4) Абу ТIолибан кIант Iела (Дела реза хуьлийла цунна).
5) Абу Ваккъасан кIант СаIд (Дела реза хуьлийла цунна).
6) Джаррахьан кIант Абу Iубайдат (Дела реза хуьлийла цунна).
7) Iавваман кIант Зубайр (Дела реза хуьлийла цунна).
8) Зайдан кIант СаIид (Дела реза хуьлийла цунна).
9) IубайдуллахIан кIант ТIалхьат (Дела реза хуьлийла цунна).
10) Iавфан кIант Iабдуррохьман (Дела реза хуьлийла цунна).

ХIорш боцурш, кхин дуккха а асхьабаш бу (Дела реза хуьлийла царна массарна а).

**Кегий асхьабаш**

Баккъалла а, вайн Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ийман диллина, Делан динна гIо деш шайн догIмаш дIаделла дуккха а кегий нах хилла. Царах цхьаберш хьахор бу вай:

1) Абу ТIолибан кIант Iела (Дела реза хуьлийла цунна).
2) Ма́ликан кIант Анас (Дела реза хуьлийла цунна).
3) Iаббасан кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цаьршинна).
4) Iумаран кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цаьршинна).
5) Зубайран кIант IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна).
6) Хади́жан кIант Ра́фиI (Дела реза хуьлийла цунна).
7) Джундубан кIант Самурат (Дела реза хуьлийла цунна).

ХIорш боцурш, кхин дуккха а асхьабаш бу (Дела реза хуьлийла царна массарна а).

**Вахьйу дIаяздеш берш**

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) яздан, деша а ца хууш хилла. Цуьнан ткъе кхоъ яздархо хилла, Къуръанах дуьссуш долу аяташ шаьш дIаяздеш. Царах бу: Абу Бакар Сыддикъ, ХаттIабан кIант Iумар, Iаффанан кIант Iусман, Абу ТIолибан кIант Iела, КаIбан кIант Уббаййа, Сабитан кIант Зайд, Абу Суфйанан кIант МуIавийат, Масламатан кIант Мухьаммад, Iавваман кIант Зубайр, уьш боцурш кхин а (Дела реза хуьлийла царна).

**Цуьнан кхолларан куьцаш**

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен юьхь-сибат, дегI а хаза долуш хилла. Дукха лекха воцуш я лоха воцуш, шуьйра белшаш а, даккхийра куьйгаш а долуш, шен месаш дукха хьийзина я нийса охьаяхана йоцуш, горга юьхь йолуш, кIайн бос болуш, цуьнца цхьаьна цIен бос бетталуш, чIогIа Iаьржа ши бIаьрг, деха цIоцкъамаш а, юькъа маж а йолуш, шен накхий а, гай а цхьатерра долуш хилла иза. Шен шина белша юккъехь – тIаьххьара пайхамар ву аьлла, – тоьхна мухIар долуш, шен болар нуьцкъала, ша цхьана лекхчу лома тIера чувогIуш санна, тIах-аьлла долуш а, буьйсанна лепачу баттах терра шен юьхь лепаш йолуш а хилла иза.

**Цуьнан гIиллакхаш**

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) нахалахь тIех комаьрша волуш, тIех хаза гIиллакхаш долуш, тIех кIеда-мерза волуш, тIех дика нахаца уьйр, вазар, тIекере, марзо, доттагIалла долуш а, нахалахь тIех бакълуьйш а хилла. Шега пайхамаралла доссале хьалха а я цул тIаьхьа а цкъа а харцдерг дийцина дац цо. МостагIчух вада ца водуш, кхеравелла вуха ца волуш а майра стаг хилла иза. ЧIогIа къинхетаме, къахеташ, кегийчаьрца ша кIеда-мерза волуш, ша царна дуьхьалкхетча, церан лерам беш, маршалла хоттуш, шайн бусалба дин Iамадарехь уьш сутара беш а хилла иза. Миска нах – охьахаа леринчу метте охьа а ховшабой, ша laьтта охьахууш, чIогIа оьзда стаг хилла иза. Ша чIогIа тIех кIеда-мерза волуш, нахана гечдеш, къинтIера волуш а, шен дуьхьа оьгIаз ца воьдуш я шен дуьхьа чIир ца оьцуш а хилла иза. Амма Дела оьгIазвохуьйтуш хIума даьлча, тIаккха-м оьгIазвоьдуш хилла иза.

Шен меттахь дерг аьлла къамел дерзо йоккха говзалла шеца йолуш хилла иза. Цуьнан гIиллакхаш – Къуръан хилла. Халкъашлахь уггаре веза волу иза хастош Веза-Сийлахьчу Дала болу: **«Баккъалла а, сийлахь-деза гIиллакхаш долуш ву хьо** (хIай Мухьаммад)**».** *«Аль-Къалам», 4.*

### ДIакхалхар

Вай Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIакхелхира хIижрат динчул тIаьхьа 11-чу шарахь, рабиIуль-аввал беттан 12-чу дийнахь (оршотан де дара иза), шен кхузткъе кхо шо долуш.

### **Пайхамаран** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **агIонхьара вайна тIехь долу декхар**

Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цIена хилла долчу дахарх лаьцна доцца вай дийцинчул тIаьхьа, вайна ца хаа йиш яц оцу сийлахьчу Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) агIонхьара вайна тIехь долу декхарш. Царах цхьадерш хьахор ду вай:

– Иза Iаламехь тIех сийлахь волуш, пайхамаршна а, элчанашна мухIар тухуш, массо нахе вахийтина тIаьххьара Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ву, аьлла вай тешар; вайна хаар – цхьа а адам бусалба дине догIуш цахилар, хIара дош аларций бен: **«Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин Дела вац, аьлла. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад – Делан Элча ву, аьлла».**
– Вайна и Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вешан догIмел а, массо хIуманал а дукха везар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла

хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух цхьа а кхоччуш ийман диллина ма вац, шен дел-ненал, доьзалел, массо нахал а цунна со дукхавеззалц».** *Бухари.*
– Иза вазвар, цуьнан лерам бар, и хьахош мосазза хеза цунна салават диллар а – тIаккха вай дукха дийр ду Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) салават диллар массо хенашкахь, ваьш ала а олуш:
**«АллóхIумма солли Iалá Мухьаммадив-ва Iалá áли Мухьаммадив-ва саллим».**
– Вайна тIехь ду-кх – цо вайга деанчу Сийлахьчу Къуръанна, цIена хилла долчу Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннатна а тIаьхьадазар, цушиммо Iамочу хIуманашца тасадалар.

## ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Дала халкъах къинхетам беш, тIаьххьара ваийтина элча хилар.
2. Бусалба наха шайн динехь а, дахарехь а Мухьаммад-пайхамарера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал эца дезаш хилар.
3. Ша дуьнен чу валале шен да дIакхелхина, вайн Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) буобер а долуш кхиар бахьанехь, Веза-Сийлахьчу Дала буобераш даздина а, церан болх сийлахь бина а хилар.
4. Вайн Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) жималлехь дуьйна шеца хаза куьцаш а, оьзда гIиллакхаш а долуш хилар бахьанехь, нахана юккъехь цуьнан ***«бакълуьйш а, тешаме верг а»*** аьлла цIе яхана хилар.
5. Шовзткъа шаре ваьлча, мархин баттахь, Хьираъ олучу хьехахь цуьнга Делера вахьйу доьссина хилар.
6. ***«Аль-Iалакъ»*** бохучу сурата чуьра хьалхара пхи аят – уьш Къуръанах дуьххьара диссина аяташ хилар.
7. Нах дине кхайкха, аьлла, Дала шега омра дича, вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уггар хьалха шен цIийнан охIлане, гергарчу нахе, шен накъосташка а кхайкхам бина хилар.
8. Везчу Дала Жабраил-малике (Делера салам хуьлийла цунна) омра а дина, вайн Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхIе стигланал лакха хьала а ваьккхина, фарз ламазаш цунна тIедеххкина хилар.
9. ХIижрат дина Мадинате ша веъча, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) уггар хьалха маьждиг доьгIна хилар, бусалба нахана юккъехь маьждиг тIех мехала хилар а, цуьнан дозалла а гойтуш.
10. Веза-Сийлахьчу Дала вайн Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла

цунна) дуккха муІжизаташ делла хилар, царах уггар коьртаниг – Сийлахь долу Къуръан хилар.

11. Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цІе йоккхуш хезча, цунна салават диллар бусалба нехан декхар хилар.

**Чулацам**

**ДештІаьхье**

**Адам-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Идрис-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Нухь-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**ХІуд-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Солихь-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**ИбрахІим-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**ИбрахІим-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна) **кхелхина вахар**
**Исхьакъ-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**ХьаьжцІа** (КаІбат) **догІар**
**Юсуф-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Айюб-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Юнус-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Муса-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Іийса-пайхамар** (Делера салам хуьлийла цунна)
**Мухьаммад-пайхамар** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

***Орг. и метод. рук-во…***
***Жайна хІоттийнарг – Магамедов Рахьманан Сулиман***
***Рецензент – Эдихаджиев М.Р.***
***Редактор – Асламбек Гайтукаев***
***Верстка – Сайд-Магомед Тасуев***
***Подписано в печать***